## Къэралым и плъапIэщ

2 -нэ нап.

## «Махуэку»

3-нэ нап.

## ЩIэблэм я шынагъуэншагъэр

4-нэ нап.

## ЦIыхубэм ягу илъщ

4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№13 (24.919) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 5, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ


# УзытеплъэкъукI мыхъуну лэжьыгъэхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ I Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэд, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр Журавлев Андрей сымэ.**

МЫ ЗЭМАНЫМ республикэм къыщрагъажьэ ухуэныгъэщIэхэр, апхуэдэуи щрагъэкIуэкI щэнхабзэм, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэм щадэлажьэ, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, ЖКХ-м пыщIа IуэхущIапIэхэмрэ гъуэгухэмрэ къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным, жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным, цIыхухэр къызэрырашэкI транспортым къыхэгъэхъуэным, нэгъуэщI куэдми ехьэлIа лэжьыгъэшхуэхэр.

А псори лъэпкъ проекткхэмрэ щIыналъэ программэхэмрэ япкъ иткIэ ягъэзащIэ.

Дызэрыт илъэсым пащэ лыших уз зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерыщIэм, ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэм я уардэунэм, Бахъсэн псы зэбгрытыкIыпIэм я ухуэныгъэшхуэхэми.

Апхуэдэуи «Коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэн» къэрал проектым хыхьэу объект 12-м елэжьынущ, щIэуэ зэрахъуэкIынуми зэрагъэпэщыжынуми псы зэрыкIуэ бжьамийуэ километр 35,2-рэ къызэщIаубыдэу.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымкIэ елэжьынущ цIыхухэм я зэхуэсыпIэ 35-мрэ нэгъуэщI проектышхуищымрэ - Налшык и «Экстрим-парк», Шэджэм и «Къалэм укъиутIыпщыркъым», Май къалэм и «Парк Заря» жыхуиIэхэм.

КIуэкIуэ Казбек зыхуэфащэ IэнатIэхэм пщэрылъ ящищIащ лэжьыгъэхэм я фIагъымрэ ахэр ягъэува пIалъэхэм къызэритIасэмрэ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну. ЗэIущIэм апхуэдэу и гугъу щащIащ лъэпкъ проектыщIэ зыщIадзахэр гъэзэщIэныр зэрекIуэкIымрэ ухуэныгъэ щхьэхуэхэм я Iуэху зыIутымрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ПсэукIэр ирагъэфIакIуэ

**Лэжьыгъэ IуэхукIэ Прохладнэ щIыналъэм щыIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар яхуэзащ Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэу Кожухов Кириллрэ Ломов Максимрэ. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм.**

ПРОХЛАДНЭ къалэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI щIыпIэм щыпсэухэр ирикъуу псыкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ. Абыхэм я нэхъыщхьэщ псы зэрыкIуэ бжьамийуэ километри 4,3-рэ зи кIыхьагъымрэ уэрамитхум щызэбгрыкI абы и къудамэхэмрэ щIэхэмкIэ зэрызэрахъуэкIыр. IуэхуфIхэм ящыщщ бжьамийхэр зэрагъэкъабзэ машинэ хэха зэрызэрагъэпэщар. Абы и фIыгъэкIэ къалэм кIуэцIрыкI псы бжьамийхэр къабзэу пхуэIыгъынущ, ахэр зехьэнми мылъкуу нэхъ мащIэ текIуэдэнущ.

А унэтIыныгъэмкIэ мы гъэм къапэщылъщ Ищхъэрэ псы бжьамийхэр къэгъэщIэрэщIэныр, Остапенкэ и цIэр зезыхьэ уэрамым псы къыщIэзыш станц щыгъэувыныр, ерыскъыхэкIхэр щащэ бэзэрым и Iэшэлъашэм щыIэ бжьамийхэр зэгъэпэщыжыныр.

Республикэм и Iэтащхьэм МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым зэрыщитхымкIэ, мы зэманым къалэм щокIуэкI ЩэнхабзэмкIэ уардэунэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр. ЗэфIаха ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ IуэхугъуэшхуэхэмиужькIэ лэжьэн щIадзэжащ курыт школитIым. Апхуэдэ IуэхугъуэхэрщекIуэкIынущ иджыри зы еджапIэм. Къинэмыщ Iауэ, къалэм къыщызэIуахынущ ЩIалэгъуалэ центр.

Прохладнэ районми лэжьыгъэфI куэд щызэфIахащ. Абыхэм ящыщщ Прогресс, Комсомольскэ, Красносельскэ къуажэхэм я цIыху зэхуэсыпIэхэр зэпэщ зэращIар. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр мы гъэм щрагъэкIуэкIынущ Къэрэгъэш, Прималкинскэ жылэхэми. Псы зэрыкIуэ бжьамийхэр щызэрагъэпэщыжащ Къэрэгъэш, Граничнэ, Янтарнэ жылэхэм. Мы гъэм къриубыдэу Ново-Вознесенскэ, Ново-Троицкэ къуажэхэм я псы бжьамийхэри зэрагъэпэщыжыну я мурадщ.

Апхуэдэу Приближнэ, Алътуд, Дальнэ жылэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр ягъэбыдащ, библиотекэхэм щIэлъ тхылъхэм я бжыгъэм куэдкIэ хагъэхъуащ. Солдатскэ къуажэм дэт еджапIэр зэрагъэпэщыжащ, Красносельскэмрэ Прималкинскэмрэ школыщIэхэр щаухуащ. Абыхэм егъэджэныгъэр пщэдджыжьакIуэ защIэу щокIуэкI. Прималкинскэм и автомобиль гъуэгухэр зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр километри 7,6-рэ зи кIыхьагъыу Новопавловск – Прохладнэ – Мэздэгу къалэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгум зэрыщекIуэкIри къипщытащ.

Къинэмыщ Iауэ, мы гъэм курыт еджапIи 5-м ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щаублэну я мурадщ. Апхуэдэхэщ Алътуд, Лесной, Малакановскэ, Прималкинскэ, Псыншокъуэ къуажэхэм дэтхэр. А жылэхэм дэс сабийхэм IэмалыфIхэр яIэнущ сыткIи зэпэщ еджапIэхэм щIэныгъэ куу щызрагъэгъуэтыну.

НэгъуэщI лэжьыгъэфIхэми хунэсыну я мурадщ щIыналъэ унафэщIхэр. Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ ящыщ дэтхэнэри зыхуэгъэпсар щIыпIэм и социальнэ, коммуналънэ IэнатIэхэр, гъуэгухэр зэпэщ щIыжынырщ, абыхэм адэкIи зегъэужьыныpщ. Къалэн нэхъыщхьэр зэхьэлIар Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ щыпсэухэм я гъащIэм и фIагъым хэгъэхъуэнырщ.

# ХеящIэхэм я Iуэху зытетым зыщегъэгъуазэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ КъБР-м и зэзыгъэкIуж хеящIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Муртазов Борис.**

ЗЭIУЩIЭМ гулъытэ хэха щыхуащIащ хабзэм къигъэувхэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм. Нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэрал граждан къулыкъум сэбэпынагъыу жылагъуэм къыхуихьым хэгъэхъуэныр, коррупцэм пэщIэтыныр, лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыныр.

Республикэм щолажьэ суд участкэ 50-рэ судым ехьэлIа зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэу 20-рэ. ЗэзыгъэкIуж хеящIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр псори зэхэту цIыхуи 150-рэ мэхъу. Суд участкэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ, лэжьыгъэм и пIалъэ щызрагъащIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм а IэщIагъэр щызэзыгъэгъуэтхэм.

ЗэIущIахэм и гугъу ящIащ участкэхэр мылъку-техникэ и лъэныкъуэкIэ адэкIи зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэщыным, зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыхухэр а щIыпIэхэм тыншу екIуэлIэфын, зыщIэупщIэхэр щызэхагъэкIыфын папщIэ.

Апхуэдэуи тепсэлъыхьащ участкэхэр зэманым декIуу къэгъэщIэрэщIэжыным, дэфтэрхэр бжыгъэрылъанэ мардэхэм игъэзэгъэным, цIыхухэм зэрызыхуагъазэхэр электроннэ жыпхъэм тету къыIахыу Iуэхур зэтеублэным.

**Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIущIам тепсэлъыхьащ IэнатIэр 2025 гъэм зэрылэжьам къикIуахэм.**

МЭКЪУМЭШХЭКIХЭМ елэжь IуэхущIапIэ псоми зэхэту сом меларди 126,7-рэ и уасэ продукцэ къалэжьащ, ар ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIам и процентри 103,7-рэ мэхъу.

Гъавэу, джэшхэкIыу, сэхурану, хадэхэкIыу, кIэртIофу кърахьэлIэжам хагъэхъуащ. Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкIыу къpахьэлIэжащ тонн мин 1103,7-рэ, 2024 гъэм проценти 107,4-кIэ хуэкIуэу. Пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэм я лъэщагъми хагъэхъуащ – зэуэ тонн мин 360-рэ зыщIагъэлъын яIэщ.

Псы зыщIагъэхьэ мэкъумэш щIапIэхэм къыхагъэхъуащ гектар миниблым щIигъу. ТехникэщIэхэр къэщэхунми пащэ.

Iэщ гъэхъун IэнатIэм и продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэгъэкIынымкIи ехъулIэныгъэхэр яIэщ. Ерыскъыпхъэ, ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностым псыхэкIыу къыщыщIагъэкIри нэхъыбэ хъуащ.

Мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыным хуэунэтIа къэрал дэIэпыкъуныгъэу республикэм 2025 гъэм къыIэрыхьащ сом меларди 4,6-рэ.

# Бжьыпэр ямыутIыпщыныр я гуращэу

Мы зэманым мэкъумэшыщIэхэм зыхуагъэхьэзыр гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм икIи ахэр зэблэмыун папщIэ зыхуеинухэмкIэ къызэрызэгъэпэща щIыкIэр къапщытэ. Псори зэхэту жылэхэр зыхасэну щIыр гектар мин 281,7-рэ мэхъу.

Дызэрыт илъэсым я мурадхэм ящыщщ - щIыналъэм пхъэщхьэмыщхьэ-мэракIуэхэкIхэр гъэкIынымкIэ, фIэIугъэхэр къыщIэгъэкIынымкIэ иIыгъ пэрыт увыпIэхэр зыIэщIимыгъэкIыныр, мэкъумэшхэкIыу къалэжьым хагъэхъуэныр, апхуэдэуи IэнатIэм IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырыным и лъабжьэр нэхъри гъэбыдэныр, абы папщIэ курыт еджапIэхэм щIэсхэр IэщIагъэм и щэхухэм щыгъэгъуэзэным хуэгъэза лэжьыгъэми гулъытэ хуэщIыныр.

# ЗрагъэхъулIахэм къыщызэтемыувыIэу

**Илъэс кIуам республикэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIа и IэнатIэхэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмрэ епхахэр зэращыщыр иджыри зэ къыщыхагъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек министр ДыщэкI Аслъэн щыIущIам.**

АХЭР тепсэлъыхьащ 2025 гъэм зрагъэхъулIахэм, дызыхыхьа илъэсым къапэщыт къалэнхэм. Къапщтэмэ, жылагъуэ транспортыр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм мы гъэми пащэнущ. «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым зэрыщаубзыхуам тету, иджырей автобусу 13 къащэхуну я мурадщ. ЦIыхухэр къешэкIын къалэныр тэмэму зэфIэгъэкIа хъун папщIэ транспортыр зэпэубыдауэ щыт хъунукъым, я тыншыпIэкIэ, шынагъуэншагъэкIэ къызэрызэгъэпэщыпхъэми къытеувыIащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2024 гъэм республикэм автобусыщIэу 44-рэ къищэхуауэ щытащ.

Къищынэмыщ Iауэ, зэIущIэм щаубзыхуащ мы илъэсым гъуэгухэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр. Республикэм и автомобиль гъуэгухэм ящыщу псори зэхэту километри 138-рэ мардэм къитIасэу зыхуей хуагъэзэнущ. Гулъытэ хэха ягъуэтынущ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм.

Министрым зэрыжиIамкIэ, республикэм и хьэкъкIэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ автомобиль гъуэгуу километр 19,6-рэ - елэжьынущ Нарткъалэ, Къэщкъэтау, Май, Бахъсэн, Псынэдахэ, Бэтэх, Ташлы-Тэла, Аруан, Гундэлэн, Щхьэлыкъуэ, Джэрпэджэж, Зеикъуэ, Уэзрэдж, Тэрч, Шытхьэлэ жылэхэм я гъуэгухэм. ЩIыналъэ гъуэгу фондым къыхэкI мылъкукIэ Налшык зыхуей щыхуагъэзэнущ гъуэгу километр 44,3-рэ хуэдиз. Апхуэдэу зэрагъэпэщыжынущ Налшык псы Iуфэм бгъурыкI лъэс лъагъуэр - Осетинскэ уэрамым къыщыщIэдзауэ Идарым и цIэр зезыхьэм нэс. Ар километр 1,6-рэ мэхъу.

Республикэм и Iэтащхьэм пщэрылъ зэращищIам ипкъ иткIэ яужь йохьэ къалащхьэм и хьэблэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэри мардэм къигъэтIэсэным хуэгъэза Iуэхухэм. Мы илъэсым а лэжьыгъэхэм къызэщIрагъэубыдэнущ Кэнжэ и гъуэгухэм ящыщу километри 9-м нэблагъэ, Горнэ хьэблэм - километри 3,9-рэ, Стрелкэм - километри 5,4-рэ, Александровкэм - километри 10,3-м щIигъу.

# Зэхуэсышхуэм зыхуегъэхьэзыр

**КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэр хэтынущ «Минводы ЭКСПО» гъэлъэгъуапIэ центрым накъыгъэм (майм) и 16 - 19-хэм щекIуэкIыну Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм. Ар къызэрагъэпэщ Урысейм и Правительствэр, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ Росконгресс фондымрэ я щIэгъэкъуэну.**

УРЫСЕЙМ и Президентым и указым и ипкъ иткIэ, 2023 гъэм щегъэжьауэ абы къэралпсо мыхьэнэ иIэ хъуащ икIи илъэс къэс къызэрагъэпэщ.

«Нобэ Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэм я инвестицэ проектхэр щагъэлъагъуэ щIыпIэ хъуащ. Си фIэщ мэхъу, блэкIа илъэсхэми хуэдэу,- КИФЩI-м мы гъэми мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр утыку къызэрыщрахьэнур, щхьэж и зэфIэкI щеплъыжыну Iэмал зэригъуэтынур икIи зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэщIэхэм, абыхэм хамэ къэралхэм я лIыкIуэхэм иращIылIэнухэри яхэту, я щIэдзапIэ зэрыхъунур.

Шэч хэмылъуи, Къэбэрдей-Балъкъэрым а зэхуэсым щигъэлъэгъуэнущ и инвестицэ, щэнхабзэ ехъулIэныгъэхэр, лъэныкъуэхэм я фейдэ хэлъу IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщызэдэлэжьэфынур хэIущIыIу щищIынущ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а зэхуэсым и гугъу щищIым.

# Ди къуэш республикэхэм

## Къэралышхуэм и хъыбар гъэщIэгъуэнхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Черкесск къалэр илъэс 200 зэрырикъум тещIыхьауэ къызэрагъэпэща «Къэралышхуэм и хъыбар гъэщIэгъуэнхэр» зэпеуэр иухащ.**

АБЫ хэтащ 5-11-нэ классхэм щеджэ школахэкIуэхэр, курыт IэщIагъэ щызрагъэгъуэт, апхуэдэуи еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс студентхэр. Утыку къpахьащ Черкесск къалэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм ятеухуа тхыгъэхэр, тепсэлъыхьащ цIыху, унагъуэ цIэрыIуэхэм.

Музей-заповедникым и унафэщI Хьэсанэ Хьэнэфий текIуахэм яритащ саугъэтхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ. «Дрогушхуэ ди къалэм и тхыдэ къулеймрэ зэпеуэм хэтахэм я зэфIэкIымрэ, - щыжаIащ КъШР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм.

## ЩIыналъэр зрагъэцIыху



АДЫГЕЙ. **Урысейм и щIыпIэ куэдым къикIа студентхэр хэтащ «Мозаика Адыгеи» медиапроектым. Ахэр едэIуащ республикэм хэхауэ яхъумэ и щIыналъэхэм ятеухуа лекцэхэм. Iуэхур щекIуэкIащ Мейкъуапэ дэт «Урысей зэкъуэт» партым жылагъуэр дэIыгъынымкIэ и штабым.**

АР ЕГЪЭКIУЭКIЫНЫР я жэрдэмщ «Заповедный Кавказ» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм, Урыс географие зэгухьэныгъэу Адыгейм щыIэм хэтхэу Фроловэ Жаннэрэ Бибин Алексейрэ.

Проектым кърихьэлIащ КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыщIэдзауэ Ленинград областым нэсыху къикIа студентхэр. Ахэр щIыналъэм къэкIуащ республикэм и тхыдэр, щэнхабзэмрэ щIыуэпсымрэ зрагъэщIэн, апхуэдэуи Адыгейм теухуа документальнэ фильм трахын папщIэ.

ТхьэмахуитIым тещIыхьа проектыр ирегъэкIуэкI «АЙСЕК в России» дунейпсо студент зэгухьэныгъэм.

# Сом мелуан 455-м щIигъу хухах

**КъБР-м и Iэтащхьэр лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.**

МЫ ГЪЭМ IэнатIэм къыпэщыт къалэнхэм, илъэс кIуам министерствэр зэрылэжьам кърикIуахэм зэпкърыхауэ и гугъу щащIащ зэIущIэм. Дызыхыхьа илъэсым хузэхалъхьа щэнхабзэ программэм нэсу къыщыгъэлъэгъуауэ щытынущ Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм хуэгъэпса Iуэхухэр.

Республикэм и щэнхабзэ IэнатIэм зегъэужьыным хухаха мылъкур къызыхэкIынур «Унагъуэ» лъэпкъ проектымрэ - сом мелуан 408,8-рэ, УФ-м и къэрал программэ «Щэнхабзэм зегъэужьын» жыхуиIэмрэщ - сом мелуан 46,7-рэ. Илъэс кIуам щэнхабзэм зегъэужьыным трагъэкIуэда мылъкур сом мелуани 151,6-рэ хъууэ щытащ.

Я мурадхэм я гугъу щащIым къыхагъэщащ Прохладнэ къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэр зэгъэпэщыжын лэжьыгъэхэм мы гъэми зэрыпащэнур, Налшыкрэ Гундэлэнрэ сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэ еджапIэхэр зэрыщаухуэнур, библиотекищ къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжынур.

Нэхъапэхэми хуэдэу, театрхэмрэ щIыналъэхэм щэнхабзэмкIэ я IуэхущIапIэхэмрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ, я творческэ проектхэр ягъэзэщIэфын папщIэ.

ЩэнхабзэмкIэ унэхэм ящыщу 26-м, музеищым, сабийхэм гъуазджэхэмкIэ я еджапIищым я материально-техникэ лъабжьэр ягъэбыдэнущ, модельнэ библиотекэхэр, щэнхабзэ-узэщIакIуэ центрхэр къызэрагъэпэщынущ.

«Щэнхабзэм и лэжьакIуэу къуажэм щыIэ» программэм ипкъ иткIэ IэнатIэ иратынущ IэщIагъэлI 15-м, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм зыщIагъэкъуэнущ субсидиехэмкIэ, саугъэтхэмкIэ, стипендиехэмкIэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр илъэс кIуами ирагъэкIуэкIащ. Мылъкур трагъэкIуэдащ ЩэнхабзэмкIэ унэ 20-м материально-техникэ я лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэным, къэрал, муниципальнэ библиотеки 156-м я тхылъ фондхэм хагъэхъуащ, модельнэ библиотекэу 5 къызэIуахащ, Гундэлэн дэт музейм зыхуэныкъуэхэр къыхуащэхуащ.

Творческэ проектхэм грантхэр хухахащ. Абыхэм ящыщщ театрхэм щагъэува теплъэгъуэ нэхъыфIхэр. Къуажэм хуэгъэпса программэм ипкъ иткIэ IэщIагъэлIи 8-м лэжьыгъэ къыхуагъуэтащ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ илъэс кIуам щэнхабзэ зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм цIыху мелуани 7,6-рэ зэрекIуэлIар, мы гъэм цIыху мелуани 8,2-м щIигъу къызэщIрагъэубыдэну я гугъэщ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ ирагъэкIуэкIыну щэнхабзэ дауэдапщэхэм ятеухуа хъыбар и чэзум зэбграгъэхыным, хэкум и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ цIыхухэр, псом хуэмыдэу сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ, дегъэхьэхыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

## Блокадэм пхыкIа нэхъыжьхэм хурагъашэ

АБХЪАЗ. **Ленинград щхьэхуит къызэращIыжрэ илъэс 82-рэ зэрырикъур зэрагъэлъапIэм хиубыдэу, блокадэм пхыкIа нэхъыжьхэм папщIэ Санкт-Петербург къалэм ирагъэшащ апельсин тонн 15. Ар ягъэзэщIащ Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэрэ Санкт-Петербург и губернатор Беглов Александррэ я жэрдэмкIэ.**

Апельсинхэр щIыпIэм нагъэсащ Абхъазым и лIыкIуэу Санкт-Петербург щыIэ Бигвавэ Владимиррэ «Абхъазым и цIыхубэ фронт» партымрэ.

- Дэ дыхуейт мы щIымахуэ щIыIэм ветеранхэм дыгъэм хуэдэ ди апельсинхэр яIухуэну, ахэр Урысейм и мызакъуэу, Абхъаз щIыналъэми фIыуэ зэрыщалъагъур, пщIэ зэрыщыхуащIыр зыхащIэну, - жиIащ «Абхъазым и цIыхубэ фронт» партым и унафэщI Сакание Лашэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Къэралым и плъапІэщ

**2025 гъэм и пэщІэдзэм ирагъэжьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛІыхъужьхэр» щІэныгъэ программэр илъэсым и кІуэцІкІэ ехъулІэныгъэхэр иІэу ирагъэкІуэкІащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и администрацэмрэ «Эльбрус» корпоратив университетымрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща Іуэхум и къалэн нэхъыщхьэр дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм, СВО-м и ветеранхэм ІэщІагъэ егъэгъуэтынырщ, унафэщІ къулыкъум хуэгъэхьэзырынырщ.**



2026 гъэм нэхъри зрагъэубгъуну я мурадщ мы лэжьыгъэм. Нэгъабэ Іуэхум хэтахэр Іыхьитlу гуэшауэ ирагъэджащ, зауэлІхэм къадэлэжьащ ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрыт цІыху 70-м щІигъу. Ахэр я лІыкІуэщ РАНХиГС президент академием, хабзэгъэув, гъэзакІуэ къулыкъущІапІэхэм, щІэныгъэ ІуэхущІапІэхэм, жылагъуэ фондхэм.

Программэм хэтахэм ІэщІагъэм зыщыхагъэгъуэзащ министерствэхэм, къалэ, щІыналъэ администрацэхэм. Апхуэдэуи жыджэру хэтащ гъэлъэгъуэныгъэхэм, жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ зэІущІэхэм. Ахэр махуэ къэс ящІыгъуащ зрагъэгъуэт щІэныгъэр лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпынымкІэ сэбэп къахуэхъу гъэсакІуэхэм.

«Эльбрус» корпоратив университетым и унафэщІ Айбазовэ Тамарэ ящІа лэжьыгъэр къыщызэщІикъуэжым, жиІащ 2026 гъэм программэм и зэхэлъыкІэр нэхъ купщІафІэу зэрыщытынур. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, мы гъэми егъэджэныгъэр Іыхьитlу зэхэлъынущ, стажировкэ ягъэкІуэнущ, нэгъабэ къыщхьэщыкІыу, «еджакІуэхэм» Іэмал яІэнущ езыхэм я жэрдэм гъащІэм хапщэну.

«Дэ дыхэтащ дунейпсо, урысейпсо зэхуэсхэм, дыщыІащ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэ телъыджэхэм. ДяпэкІэ абыхэм нэхъри зедгъэубгъуну ди мурадщ», - жиІащ Тамарэ.

Къыщалъхуа къэралым и мамырыгъэр яхъумэу зауэ губгъуэм ит щІалэгъуалэм гулъытэ хэха хуащІ республикэ унафэщІхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми фІыуэ къыгуроІуэ щхьэж ихь жэуаплыныгъэр зыхуэдизыр. Ахэращ Урысейм и иджырей тхыдэр зытхыр, къэралым и щІыхьыр зыхъумэр, и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщыр. Апхуэдэ щэныфІхэр зиІэ сэлэтым хэкупсагъэкІэ, щІыналъэм, къэралым и къэкІуэнумкІэ ущыгугъ хъунущ. Абыхэм я зэфІэкІым, хахуагъэм, пашагъэм нэхъри зиужьынымкІэ сэбэп мэхъу программэр. Дзэ Іуэху хэхам къикІыжахэм ирагъэлъагъу икІи гурагъаІуэ унафэщІ къулыкъум и щхьэхуэныгъэмрэ щэхухэмрэ, цІыхухэм зэрахэтын, зэрепсэлъэн хуей щІыкІэхэр.

Куэд зи нэгу щІэкІа, гъащІэм, зыхэт Іуэхум нэхъ быдэ, Іущ, набдзэгубдзаплъэ ищІа щІалэхэм ІэщІагъэлІ, къулыкъущІэ пажэхэр къазэрищІыкІынум шэч къытрахьэркъым мы программэр къызэзыгъэпэщахэм. Нэгъабэ ирагъэкІуэкІа Іуэхум нэрылъагъу къищІащ зэпеуэм пхыкІахэм куэдкІэ уащыгугъ зэрыхъунур. Абыхэм щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуащІыфынущ я акъыл, щІэныгъэ, Іэзагъэм къихьу унафэщІхэм яхэувэфмэ.

Зи гугъу тщІы программэр егъэджэныгъэ курс къудейкъым, атІэ зыщыбужьын, уи къэухьым Іэзагъым щыхэбгъэхъуэн щІыпІэ телъыджэщ. Абы хэтыну къыхаххэр Іуэхум, лэжьыгъэм, гъащІэм и пІалъэр фІыуэ зыщІэ щІалэхэрщ.

КъБР-м и Жылагъуэ Советым хэт Мэзукъэбз Аслъэн зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ еджа щІалэхэм я щІыбагъ къыдэлъыр зэхэуэ гуащІэхэм зэрыхэтам и закъуэкъым, атІэ жылагъуэ Іуэхуми яхузэфІэкІ халъхьэу щытащ зауэм мыкІуэ щІыкІэ. «Абыхэм ящыщ куэдым щІэныгъэ нэхъыщхьэу тІу е нэхъыбэ яІэщ. Апхуэдэхэращ ди щІыналъэми, къэрал псоми сэбэпынагъ къахуэзыхьыфынур. Ахэращ хэкупсагъэмрэ лІыгъэмрэ зищІысыр ягъэлъагъуэу утыку итынур, къыдэкІуэтей щІэблэм щапхъэ зытрахынур, Хэкур фІыуэ лъагъуныр псалъэ къудей мыхъуу, ІуэхукІэ зыгъэлъэгъуэфынур, - жеІэ Аслъэн.

Нэгъабэ ирагъэджа щІалэхэм дзэ Іуэху хэхар зэрекІуэкІ пІалъэм къриубыдэу Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкІэ «И хахуагъэм папщІэ», «И лІыгъэм папщІэ» II нагъыщэ, «ХэкІуадэхэр къызэрырагъэлам папщІэ», къэрал дамыгъэ лъапІэхэр, ЛІыгъэм и орденыр, Жуковым, Суворовым, Крымский Лука я цІэхэр зезыхьэ медалхэр, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и II нагъыщэр, Георгий Щихьым и орденым и IV нагъыщэр, нэгъуэщІхэри зыхуагъэфэщахэр яхэтщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛІыхъужьхэр» щІэныгъэ программэм мы гъэм хэтыну зи мурадхэм гъуэгуанэ купщІафІэ къапэщылъщ, дэтхэнэ зыми и хъуэпсапІэр нэхуапІэ ищІыфыну Іэмалхэр яІэщ.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# ЩІэныгъэм и лъагъуэхэр

**Сыт хуэдэ Іуэхуми къытрегъэзэж, сыт хуэдэ гупсысэри щІэрыщІэу утыку къохьэж, жиІэгъат пасэрей гупсысакІуэ гуэрым. Языныкъуэхэм щІэныгъэр ухуэныгъэм ирагъэщхь, къагъуэтыр лъагэу дращІейуэ, ауэ, ипэжыпІэкІэ жыпІэмэ, ар зэпымычу зэтралъхьэ-зэтрахыжу екІуэкІ лэжьыгъэщ - къэхута хъуам щІэрыщІэу щыхэмыплъэж, щІэщыгъуэхэр щыхамылъхьэж куэдрэ къэхъуркъым. Арыххэуи, щІэныгъэр къэхутакІуэхэр зэи зытемыкІ лъагъуэщ, зи кІэн къикІым, гъэщІэгъуэн къэзыгъуэтым и кІуапІэхэр гъуэгушхуэм хуишэжу.**

КЪЫТЩІЭУВЭ щІэблэм псоми яІэщ апхуэдэ Іэмал, гъуазэрэ унэтІакІуэрэ ягъуэтмэ, я гупсысэкІэм, Іуэху еплъыкІэм, дуней лъагъукІэм заубгъуфыну, лъагэу заІэтыфыну. Ар фІыуэ къызыгурыІуэхэм а щытыкІэм фащэ щатІагъэри, Налшык къалэм дэт Дыгъафlэ къалэм «ЩІэныгъэм и гъэлъэгъуэныгъэ-2026» зыфІаща Іуэху щхьэпэр ЩІэныгъэм и махуэм ирихьэлІэу иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мазае мазэм къриубыдэу зи гугъу тщІы гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иткІэ щІэныгъэ-узэщІакІуэ Іуэхугъуищэм нэблагъэ щызэхашэнущ.

Дыгъафlэ къалэм къыщызэІуаха зэхуэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я гимнымкІэ ирагъэжьащ. Абы иужькІэ 8 - 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщІэхэм «Нэхъыщхьэм теухуа псалъэмакъхэр» жыхуиІэ дерс зэІухам и жьауэм щІэту «ЩІэныгъэм гъунэ иІэ?» упщІэм и жэуапыр къалъыхъуэу щІэнІуатэ шэщІа къыхалъхьащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Езауэ Анзоррэ УФ-ми КъБР-ми я Жылагъуэ палатэм хэт, Урысейм ЕгъэджэныгъэмкІэ и академием и академик, Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс ІэджэкІэ и унафэщІу щыта Къарэмырзэ Барэсбийрэ.

Япэ псалъэр зрата Къарэмырзэм ныбжьыщІэхэм захуигъазэри, щІэныгъэм и гъунэхэр я нэгу къыщыщІагъэхьэкІэ, Іэмалыншэу тхыдэм хуеплъэкІыжыну къыхуриджащ.

- XIX лІэщІыгъуэм щІэныгъэм гуащІафІэу щылэжьа къэхутакІуэ цІэрыІуэ куэдым я фІэщу къалъытэрт щІэуэ къыщІэбгъэщыжыни, а лъэхъэнэм щыІа щІэныгъэхэм ягъуэта зыужьыныгъэм адэкІэ бгъэкІуатэ хъуни щымыІэжу. Апхуэдэ еплъыкІэр псом хуэмыдэу щытепщэр физикэрат. АрщхьэкІэ XX лІэщІыгъуэр къэсри, дунейр зыгъэзэджызджар жылагъуэ щыІэныгъэхэр зэблэзыхъу революцэхэм я закъуэкъым, апхуэдэ революцэхэр къыщыхъуащ щІэныгъэми - цІыхум и кІуэцІым гъуджэм хуэдэу уизыгъаплъэ рентген бзийхэр къахуташ, радиожыджэрагъ зэрыщыІэр къыщІагъэщащ, электрон пкъахуэхэм дуней щхьэхуэ зэраІэр зэхагъэкІащ. АтомкІэ зэджэм цІыхухэм хуаІэ еплъыкІэм зэпымычу зихъуэжащ, пасэрей гупсысакІуэ Демокрит деж къыщегъэжьауэ Резерфорд иригъэкІуэкІа опытхэм нэсыхукІэ атомым и зэхэлъыкІэмрэ и щыІэкІэмрэ ехьэлІауэ жамыІарэ утыку къырамылъхьарэ къэнэжакъым. ИкІэм-икІэжым, атомым нобэм худиІэ еплъыкІэр зэфІэуваш, ауэ абы и щхьэхуэныгъэ куэдым дызэрыщымыгъуазэр, абыхэм иджыри щІэныгъэр зэрапэплъэр псоми хьэкъ ящыхъуащ. Псори пщІэнкІэ Іэмал зэримыІэм хуэдэу, зы Іуэхугъуэм гъащІэм къурит зэхъуэкІыныгъэхэм елъытауэ, щхьэхуэныгъэхэри иІэнущи, зэпымычу зэ къэхута хъуам къытебгъэзэжынущ, ар къэбгъэщІэрэщІэжынущ, зэбгъэзэхуэжынущ. Абы къыхэкІыу, щІэныгъэм гъуни нэзи иІэкъым. Ар фІыщ, къызэрысщыхъумкІэ. Зытет дунейр цІыхум фІэгъэщІэгъуэныху, абы и щэхухэр къитІэщІыну иужь итыху, дэри нэхъыфІыІуэу зыкъыдоцІыху, дызыхэт щІыуэпсым щыдубыд увыпІэр зыхуэдизыр къыдохутэ, - жиІащ Къарэмырзэм.

ЩІэныгъэлІыр ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ зэхэщІыкІым и мыхьэнэм, абы и къэухьыр зэрылантІэм, зихъуэжыну зэрыхьэзырым, абы кърикІуэну фІагъхэм. Апхуэдэу Къарэмырзэм и гугъу ищІащ щІэныгъэми гъэсэныгъэ пхэмылъу узэрыхэмытыфынур, абдежми цІыхугъэ щызехьэн зэрыхуейр.

- Дунейм дыкъыщытехьам къыщегъэжьауэ зэпымычу зэхыдох емрэ фІымрэ, екІумрэ емыкІумрэ, щхьэпэмрэ щхьэпэджэмрэ ятеухуа ущиехэмрэ гъэсэпэтхыдэхэмрэ. Ахэр псори, зэрыгурыІуэгъуэщи, зыхуэунэтІар ди щыІэныгъэр зэтес щІынырщ, ди гъащІэм хэлъ зэІумыбзыр гъэмэщІэнырщ. Апхуэдэ дыдэуи, щІэныгъэм щыпщІэ хъунумрэ зызыпэІудзын хуеймрэ хабзэу щыгъэуващ. Къэхутэныгъэхэм мардэ яІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, егъэджэныгъэм дежкІэ нэхъыщхьэр ар къызэрыпІэт, щІалэгъуалэм зэрабгъэдэплъхьэ, гъащІэм зэрыхыупщэ щІыкІэхэрщ. Егъэджэныгъэм щІэныгъэр «гъэнышкІуауэ» къыббгъэдилъхьэми, угупсысэфу уигъэсэныр, а гупсысэкІэм къигъэщІыр жылагъуэм телажьэу гъэпсыныр ІэнатІэм пэрытхэм я хьэкъщ. Ар зы лъэныкъуэкІэ. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъыбгъэдыхьэмэ, егъэджэныгъэм бзыпхъэм иригъэзэгъа щІэныгъэр ныбжьыщІэхэм щабгъэдилъхьэкІэ, цІыхур къызыхэкІа лъэпкъкІэ, зэрихьэ динкІэ, зэрыпсалъэ бзэкІэ зэхэгъэж ищІ хъунукъым. ИтІанэ ар щІэныгъэкъым, ар кІуэдыпІэм уизышэ Іэмэпсымэ шынагъуэщ. Абы зэрыхъукІэ зыщыдзеин хуейщ. ЩІэныпхъэр, е, нэгъуэщІу жыпІэмэ, методикэ жыхуаІэр щІэфІыр аращ - гъуэгугъэлъагъуэ зэрыхъурщ.

Ди нобэрей гъащІэм къызэрымыкІуэу псынщІэу зехъуэж. Дыгъуасэ хуэдэщ фи ныбжь ита цІыкІухэм зефхьэ телефонхэм хуэдэхэр яцІыхуххэу щыщымытар, интернет щамыІар, интеллект ІэрыщІыр зищІысым щыщымыгъуэзар. Технологием къыщыхъуа революцэм и фІыгъэкІэ абыхэм гъащІэм щІыпІэшхуэ щаубыдащ. Ауэ иджы егупсысыпхъэщ зы Іуэхугъуэ: сыт хуэдиз щІыпІэ абыхэм ди дунейм щаІыгъын хуейр? УмыщІэр къэпщІэныр зы Іуэхущ, къызэрыпщІэ щІыкІэр нэгъуэщІ Іуэхущ. Интеллект ІэрыщІым упщІэ ептауэ жэуап зримытын щыІэкъым, ауэ абы и гъунэр дэнэ нэсрэ? Псоми къыдгурыІуэн хуейщ а интеллект ІэрыщІым и жэуапхэр цІыхум къызэригъуэтар, дэІэпыкъуэгъу тщІыми, гъуазэ зедгъэщІ зэрымыхъунур. Мардэр Іэмалыншэщ. Иджырей щІэныгъэми егъэджэныгъэми къызэрымыкІуэу Іуэхугъуэ куэд, жэуап ямыгъуэтауэ, цІыхухэм я пащхьэ кърегъэувэри, абыхэм я зэблэхыкІэ хъунум зыкъомкІэ елъытащ пщэдейрей махуэхэри. Абыхэм фегупсысыну фыкъыхузоджэ, - жиІащ Къарэмырзэм.

Академикым и къэпсэлъэныгъэм иужькІэ, ныбжьыщІэхэм захуигъэзащ Езауэ Анзор.

- Нобэ лъэныкъуэ куэдкІэ фи кІэн къикІауэ къысщохъу. Япэрауэ, щІэныгъэ дунейм фІыуэ къыщащІэ цІыху и псалъэ федэІуащ, и гупсысэхэр зэхэфхащ. Ар куэдрэ къэхъу Іуэхугъуэкъыми, сыщогугъ зэхэфщІыкІыну, уасэ хуэфщІыну. ЕтІуанэрауэ, фэ щІэныгъэ дунейм и зы ныбз къэфІэтащ. ЩІэныгъэр сабиигъуэр зэрахъумэ зы Іэмалщ. Сабиигъуэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абдеж цІыху цІыкІум псори къищІэну зэрыхущІэкъур, сытри щІэщыгъуэу къызэрыщыхъур, сыт хуэдэ упщІэми жэуап иІэн хуейуэ зэрыщытыр. Сэ шэч къытесхьэркъым мы пэш нэхушхуэм щІэс къудым я гъащІэр щІэныгъэм зэрырапхынум. Дауи, псори щІэныгъэм хыхьэнукъым, ауэ фщІэну сыхуейщ, ар гъуэгуджэу зэрыщымытыр, фи псэм фыхуриджэ къудеймэ, фи гур а лъэныкъуэмкІэ щыІэмэ, фи лъэкІыныгъэхэм фызэраІэтынур. Гъуэгу дахэ фытетщ, ар бгъуэ хъуну, зывужьыну, жыжьэ фыкІуэну си гуапэщ, - жиІащ Езауэ Анзор.

Министрым къызэрыхигъэщамкІэ, Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым щІыналъэм щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ япыщІа пэхуэщІэ куэд дыдэ къыщызэрагъэпэщынущ, курыт еджапІэм щІэс цІыкІухэм папщІэ гъэлъэгъуэныгъэхэр, зекІуэхэр, щІэнІуатэхэр, Іэнэ хъурейхэр, зэпеуэхэр къыхалъхьэнущ. Илъэсыр купщІафІэ хъуну къулыкъущІэм дыкъегъэгугъэри, дыщогугъ ар ди щІэблэм яхуэщхьэпэну, гъуэгу занщІэ тригъэувэну.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# ЯхузэфІэкІамрэ къапэщылъымрэ

**Пятигорск (Псыхуабэ) дэт «ТАСС Кавказ» хъыбарегъащІэ ІэнатІэм и центрым иджыблагъэ ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис икІи абы щытепсэлъыхьащ 2025 гъэм республикэм и экономикэм игъуэта зыужьыныгъэхэмрэ 2026 гъэм къапэщылъ къалэнхэмрэ. ЗэІущІэм гулъытэ щыхуащІащ инвестицэ пэхуэщІэхэм, бизнесыр дэІыгъыным, щІыналъэ экономикэм и унэтІыныгъэхэм ящыщу япэ игъэщыпхъэхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми.**

ЖЫПІЭНУРАМЭ, Къэбэрдей-Балъкъэрым я щхьэ хуэлэжьэжыну налог хэзых ІэнатІэхэм зыщезыгъэтхахэм я бжыгъэм процент 5-кІэ хэхъуащ нэгъабэ икІи цІыху мин 94-рэ хъуащ. 2024 гъэм а бжыгъэр зэрыхъуар мин 89-рэщ.

ИджыпстукІэ бизнес-инкубатору 5 республикэм щолажьэ. Ахэр зэхуэдэу ядоІэпыкъу ІэнатІэ зыгъэлажьэ хьэрычэтыщІэхэми хьэрычэт щІэн Іуэхум хыхьэн мурад зиІэхэми. Абы нэмыщІ, щІыналъэм щыІэщ КъБР-м ХьэрычэтыщІэхэр дэІыгъынымкІэ центррэ Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ кредит цІыкІухэмкІэ защІэзыгъакъуэ фондрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ ІэнатІэу 1500-м нэблагъэ къыщызэІуахащ нэгъабэ. Ахэр нэхъыбэу щыІэщ мэкъумэш-промышленнэ комплексым, сатум, цІыхухэм ІуэхутхьэбзэхэмкІэ зэхуэмыдэхэр щыхуащІэ ІуэхущІапІэхэм.

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэу кърашэлІам и куэдагъыр сом мелард 87-рэ хъуащ. Инвестицэ пэхуэщІэ нэхъ инхэм ящыщу 50-м щІигъу республикэм нобэ щагъэзащІэ, псоми зэхэту сом мелард 290-рэ хуэзэу. Абыхэм псоми зрагъэужьынущ икІи 2036 гъэ пщІондэ щІыпІэ экономикэм къыхашэнущ.

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ валовэ продуктым (ВРП) процент 6-кІэ хэхъуащ икІи сом мелард 370-м нэблагъэ хъуащ. ВРП-мкІэ щыІэ хэхъуэм къегъэлъагъуэ республикэм игъуэт зыужьыныгъэр зыхуэдэр. Псалъэм къыдэкІуэу, 2024 гъэм щІыналъэ валовэ продуктыр зэрыхъуар сом мелард 326,9-рэщ.

Республикэм иджыпсту и къалэн нэхъыщхьэр макроэкономикэмкІэ щыІэ бжыгъэхэр зэрызэщхьэщыкІыр гъэмэщІэнырщ, псом хуэмыдэу, улахуэмрэ зы цІыхум къылъысу щІыналъэ валовэ продуктымрэ бжыгъэмрэ зэрызэщхьэщыкІыр, ари къэралым ику иту щыщыІэхэм ятещІыхьауэ.

ЩІыналъэ пэхуэщІэхэм хуащІ гулъытэм теухуауэ: 2026 гъэм щІыналъэ пэхуэщІэхэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм ящыщу япэ игъэщыпхъэхэм сом мелард 15-м нэблагъэ хухахынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІ, инвестицэ нэхъыбэ щІыналъэм къезышалІэ мэкъумэш-промышленнэ комплексымрэ туризмэмрэ щхьэхуэу я нэІэ тет зэпытщ.

Илъэс блэкІам ди цІыхухэм я улахуэм хагъэхъуащ. ЖыпІэнурамэ, 2025 гъэм и щІышылэм - фокІадэм къриубыдэу ику иту сом мин 46-рэ ар хъуащ. АбыкІэ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъыфІхэм республикэр яхохьэ икІи, КИФЩІ-м щыщыІэ бжыгъэхэм елъытауэ, ику иту процент 16 - 17-кІэ нэхъыбэщ.

2026 гъэм Налшык къалэм хьэщІэщ зэпэщхэм, вагъуэ куэд зыхуагъэфащэхэм хуэдэу 3 къыщызэІуахынущ. Абыхэм я фІыгъэкІи, КъБР-м и апхуэдэ ІуэхущІапІэхэм я пэш фондым мини 4-м нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ къыхэхъуэн хуейщ. Апхуэдэуи, ди хьэрычэтыщІэхэм иджырей мардэм къитІасэ уней хьэщІэщ цІыкІухэм хуэдэхэр республикэм щаухуэ.

ЩІалэгъуалэм я ІуэхукІэ: щІыпІэ программэм ипкъ иткІэ 2026 гъэм щІалэгъуалэм я центру 4 Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэІуахынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● КъБР-м щыІэ МВД-м

# Жылагъуэ советым хыхьэнухэр

**Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и Жылагъуэ советым и иджырей гупыр зэрылэжьэну пІалъэр зэриухым къыхэкІыу, абы хагъэхьэнухэм я лъэІу тхылъхэр къыІах.**

ЖЫЛАГЪУЭ советыр зэхагъэувэ Урысей Федерацэм и цІыхухэу, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, дин, нэгъуэщІ ІуэхущІапІэхэм ящыщхэу, хьэрычэтыщІэхэу езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ абы и лэжьыгъэм хэтыну гупыж зыщІхэр хэту.

Тхылъхэр къыІахынущ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, ІуэхущІапІэхэм къыхалъхьэхэр и лъабжьэу, Урысей Федерацэм и Президентым «Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министерствэмрэ абы и щІыналъэ органхэмрэ я деж щыІэ жылагъуэ советхэм ятеухуауэ 2011 гъэм накъыгъэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №668-м и 4-нэ пунктым къигъэувхэр къалъытэу.

Тхылъым дыщІагъу кандидатым и къекІуэкІыкІам теухуа хъыбар.

Ахэр къыІахынущ 2026 гъэм мазаем и 10 пщІондэ.

*УпщІэхэмкІэ захуэвгъазэ хъунущ мы телефонхэмкІэ:* (8662) 40-49-11, 49-54-63 - КъБР-м щыІэ МВД-м хъыбарегъащІэ ІэнатІэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и къудамэм.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● Дызэкъуэту

# Дзэм хэтахэм зыщІагъакъуэ

**УФ-м и Соцфондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм 2026 гъэм щІышылэм и 1-м щІидзауэ зрегъэубгъу дзэ Іуэху хэхам къыхэкІыжахэр Социальнэ фондым и центрхэм зэрыкІуэнум текІуадэ гъуэгупщІэр зэрырат Іэмалхэм. Ветеранхэм зыщрагъэІэзэну щІыпІэм зэрыкІуэну билетымрэ къызэрыкІуэжынумрэ занщІэу ирагъэтх хъунущ иджы. Нэхъапэм ар езыхэм къащэхурти, абы текІуэдар кърատыжын папщІэ Фондым и къудамэм зыхуагъазэу арат.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсым щыщІэдзауэ дзэ Іуэху хэхам и ветераным зыщригъэІэзэну щІыпІэм зэрагъэкІуэну путёвкэхэр щыхуагъэхьэзыркІэ, фондым и ІэщІагъэлІхэм ятхынущ ар абы зэрыкІуэну транспортым ехьэлІа дэфтэрхэри: мафІэгум, автобусым, кхъухьлъатэм, нэгъуэщІхэми зэритІысхьэнур. Абы ветераным Іэмал кърет гъуэгупщІэм езым и ахъшэ тримыгъэкІуэдэну.

КъинэмыщІауэ, СВО-м хэтахэр а центрхэм кІуэ хъунущ гъусэ яІэу, абыхэми я гъуэгупщІэр, щыпсэунум, шхыным текІуадэр хуатынущ. Ар ехьэлІащ дзэ къулыкъущІэхэу ныкъуэдыкъуагъэм и япэ гупым хыхьэхэм е и узыншагъэкІэ дэІэпыкъуэгъу зэрыхуэныкъуэм щыхьэт техъуэ медицинэ дэфтэрхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, абы гъусэ иІэн зэрыхуейм къыхэкІыу.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2026 гъэм и щІышылэм щегъэжьауэ дзэ Іуэху хэхам къыхэкІыжахэм лъэІу тхылъхэр ят хъу-нущ Социальнэ фондым и реабилитацэ центр 12-м языхэзым илъэсым зэ зыщрагъэІэзэну. Апхуэдэхэр Госуслуги порталымкІэ ягъэхь е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ОСФР-м цІыхухэм щадэлажьэ и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми зыхуагъэзэ.

СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ зэрызыщІагъакъуэм ехьэлІа хъыбархэр къыщыфщІэфынущ зыуэ щыт контакт-центрым и 8-800-1-00000-1 номерым фыпсалъэу: блыщхьэ - махуэку - сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ 17 пщІондэ, мэремым: сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ 16 пщІондэ. Зэрыпсалъэм папщІэ пщІэ Іахынукъым.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Тхылъхэр фІыуэ зылъагъухэм я зэхуэс

**КъБР-м Тхылъхэр фІыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм щызэхуэсащ абы хэтхэр, къэрагъэблэгъащ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым информполитикэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Мечты сбываются» фондым и унафэщІ Магомедовэ ФатІимэ.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтхэр тепсэлъыхьащ Фатимэ «Город лысых» зыфІища, рассказитІу зэхэт тхыгъэм. Ар «Литературная Кабардино-Балкария» журналым къытехуащ.

Зи рассказхэр цІыхухэм щІэщыгъуэ ящыхъуа бзылъхугъэм итхащ усыгъэрэ прозэрэ щызэхуэхьэса тхылъищ. Зэгухьэныгъэм хэтхэр зытепсэлъыхьыну къыхаха рассказитІыр зэманым пэджэжу, цІыхухэр куэдрэ зрихьэлІэ Іуэхугъуэхэр къызэпкърахыу гъэпсащ. Аращ ахэр щІэзыджыкІахэм зи Іэдакъэ щІэкІ тхакІуэр къыщІрагъэблэгъар.

Тхылъхэр фІыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм Магомедовэм иратащ художественнэ тхыгъэм и гупсысэр зэрыхуэкІуам, усыгъэмрэ прозэмрэ нэхъ пэгъунэгъум, и рассказхэм къыщиІэт Іуэхугъуэхэм я къежьапІэм, и художественнэ лІыхъужьхэм ярит шыфэлІыфэхэм, тхэну гукъыдэж къезыт Іуэхугъуэхэм ятеухуа упщІэхэр. Къызэхуэсахэм гъэщІэгъуэн ящыхъуащ ФатІимэ и нэІэ щІэт псапащІэ фондым и лэжьыгъэм, кином и техыкІэм, художественнэ тхыгъэм тхакІуэмрэ щІэджыкІакІуэмрэ зэрызэпищІэм теухуауэ жиІахэр.

*Тхыгъэри сурэтри* **ГЪУЭТ Синэ** *ейщ.*

# ЗауэлІхэм я фэеплъ

● КъБР-м и прокуратурэм

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прокуратурэм и жэрдэмкІэ къапщытэнущ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъым ныкъусаныгъэхэр иІэ щІэхъуам и щхьэусыгъуэр. Фэеплъыр Налшык къалэм Толстойм и цІэ зезыхьэ и уэрамым хиубыдэ жыг хадэ зыгъэпсэхупІэм хэтщ.**

ІУЭХУР зэхэгъэкІыныр къалэн щащІащ Налшык къалэм и прокурор Къэнщауэ Аслъэн.

Абы къриклІуэм наІуэ къищІынущ щэнхабзэ щІэинхэр хъумэныр зэрагъэбелджыла федеральнэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## ДэІэпыкъуэгъу хуохъу

**Даниер ящыщщ Украинэм дзэ дэІэпыкъуныгъэ езытхэм.**

«ДЗЭ Іуэху хэхар зэрыщІидзэрэ Данием Киев дзэ дэІэпыкъуныгъэу еврэ мелардиi 9,5-рэ и уасэ хуищІащ. Абы щыщу еврэ мелардиi 2,3-р 2025 гъэм хуэзащ», - щыжиІащ Урысейм и лІыкІуэу Копенгаген щыІэ Барбин Владимир «ХъыбарыщІэхэр» РИА-м ирита интервьюм.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ Данием и зауэлІхэр Украинэм щІэх-щІэхыурэ зэрагъакІуэр, дзэ Іуэхухэм нэхъ хуэІэрыхуэ хуащІын папщІэ.

## АдэкІи ирагъэфІэкІуэнущ

**Дубай щызэІущІащ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Лут Оксанэрэ Египетым зыужьыныгъэ зэпІэзэрытымкІэ и агентствэм и унафэщІ Бахэ Эль Ганнамэрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ къэралитІым я мэкъумэш ІэнатІэхэр зэрызэдэлэжьэнум, я зэпыщІэныгъэм нэхъ кууу зэрызрагъэужьынум.**

МЭКЪУМЭШ-промышленнэ комплексымкІэ Египетыр Урысейм и ІуэхущІэгъу нэхъыщхьэхэм икІи нэхъ лъэщхэм ящыщщ. Хабзэ хъуауэ, ди къэралым абы хуеутІыпщ гъавэхэкІ, дагъэхэкІ продукцэр, апхуэдэуи джэш лъэпкъыгъуэхэр. КъищынэмыщІауэ, минерал щІыгъэпшэрхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщми зрагъэужь. Урысейм Египетым кърешэ пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкІхэр, мэракІуэ лІэужьыгъуэхэр.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым къыхигъэщащ къэралхэм я сату зэпыщІэныгъэр адэкІи зэрырагъэфІэкІуэнур.

**Мазаем и 5,** *махуэку*

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс куэдкІэ щылэжьа, УФ-м и цІыхубэ артист **Токъуий Хъусен**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тэрчыкъуэ Исуф**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 3 - 5, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

**Мазаем и 6,** *мэрем*

♦**ЦІыхубзхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкІуэкІыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1935 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщІэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ **Дол Маринэ**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ СССР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и отличник, КъБР-м и цІыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Сэбаншы Назми**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакІуэ, журналист, дохутыр **ПщыукІ Латмир**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым градуси 3 - 8 щыхъунущ.

**Дыгъуасэ**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 27-рэ. Абы щыщу 11-р хъыджэбз цІыкІущ, 16-р щІалэщ. Мы илъэсым и щІышылэ мазэм щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 795-рэ.*

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Хейм и лъыр хамэм ещІэж.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и IV зэхуэсыгъуэм и депутат **Иуан ФатІимэ Залымджэрий и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Иуан Галинэ Бородин и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

Экономикэ

Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ

Жылагъуэ Iуэху

## Зихъуэжакъым, зэрыщытщ

**2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м и ныбжьыр илъэс 90 ирикъуащ тхакIуэ, тхыдэдж, геолог, «Звезда» журналым и редактор нэхъыщхьэ Гордин Яков.**



НЭГЪУЭЩI зыгуэр хъуну Iэмал иIакъым Яков: абы и анэ Басинэ Мариannэ тхакIуэт, и адэ Гордин Аркадий тхыдэджт.

«Сэ курыт еджапIэм сыщыщIэсым щIагъуэу седжакъым. Сыту жыпIэмэ, тхылъ куэдыIуэ унэм сыщеджэрти, школ программэм сытегупсысыкIыртт. Арами, тхылъ еджэным нэхъыфIу слъагъу щыIэтэкъыми, нэгъуэщI зыми сахудегъэхьэхыртэкъым. Горький Максим и жыIауэ, «фIыгъуэ гуэр си гъащIэм хэтами, ар тхылъым и фIыгъэщ». Нобэр къыздэсми аращ, тхылъым пэсщIын щыIэкъым», - жеIэ Гординым.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Яков Ленинград университетым филологиемкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Еджэныр нимыгъэсу, бзэ щIэныгъэхэр лъэныкъуэ иригъэзщ, Ищхъэрэ щIыналъэм кIуэри, Арктикэм щыIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым геофизикэмкIэ курсхэр къыщиухыжащ. А щIыналъэ дыдэм илъэси 5-кIэ щылэжьащ зекIуэ кIуэуэ, къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIыу. ЩIымахуэ жэщхэм усэ итхыу, и гум къыдыхьа IэщIагъэм гу щихуэу щыIащ ар щIыпIэ жыжьэм, зэрыжиIэмкIэ.

Якутие Ищхъэрэм щыIэ Верхоянск къуршыщхьэм дэкIа нэужь, Гордин и хъуэпсапIэхэм кIэрыхуащ, журналистикэм и къарур щигъэунэхун хуейуэ хъуэпсапIэ щIэщыгъуэ къыкIэщIэзэрыхьри, абы зритащ. Япэ дыдэу Яков и Iэдакъэ къыщIэкIа журналист лэжьыгъэр теухуат Пушкиным и цIэр зезыхьэ заповедникым и Iэхэлъахэм къатитхуу зэтет турбазэ щаухуэну къызэрырахьэжьар зэрыщыуагъэм. Ар «Литературная газета»-м къытехуат 1965 гъэм. ИкIи Гординым и фIыгъэкIэ, а унафэр якъутэжри, заповедникым и гугъу ямыщIу къызэтенауэ щытащ.

КъыIурыIэфIэри, Гординым «Новый мир», «Вопросы литературы», «Известия», «Звезда» журналхэм яхуэтхэу щIидзащ, усэ тхылъитI къыдигъэкIащ, драматургиеми зрипщытащ, теленэтын зыбжанэми сценарий яхуитхащ. А псоми къадэкIуэу, Яков кууэ иджырт урыс лъэпкъым и тхыдэр. ИкIэм-икIэжым, къызытеувыIари аращ - тхыдэ публицистикэм.

ЩыIэщ тхылъ, псори гурыIуэгъуэу зэхэтхыкIауэ, гупсысэ шэщIам тету къэIуэтауэ. ЩыIэщ узыгъэгупсысэхэр, тхакIуэм къиIуэтэну зыхуеям уигъэлъыхъуэу, езыр-езыру зыгуэрхэр къыуигъэтIэщIу. Апхуэдэ тхылъ защIэщ Гординым итхар. Узыгъэгупсысэщ, лъыхъуакIуэ уезыхужьэщ. Абы къиIуэтэж хъыбархэр сытым дежи пэжкIэ гъэнщIащ, уи гур зыгъэузщ, акъылышхуэ зыхэлъщ, ауэ зэи къэхъуакъым абы гужьгъэжь къызэщIигъэушэу, лъэпкъхэмрэ цIыхухэмрэ зриушту. Ар къэплъытэмэ, Яков урыс щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. ТхакIуэ Попов Валерий зэрыжиIащи, шыIэныгъэм, ныбжьэгъугъэм, зэкъуэтыныгъэм дыкъыхуезыджэ тхакIуэр нобэми зэрызэпIэзэрытщ.

Шэч хэмылъу, урыс лъэпкъым и тхыдэщIэр зыгъэпсахэм ящыщщ Гординыр. Пэжщ, къэхутэныгъэщIэхэр къызэIуихакъым, ауэ ар убгъуауэ тетхыхьащ Урыс пащтыхьыгъуэм, Кавказым и тхыдэм, дзэзешэ цIэрыIуэхэм, политикхэм. Нобэми узыншэщ ар, акъыл жанщ, зэрыжыджэрщ, матхэ. Фигу къэдгъэкIыжынщ и тхылъхэм ящыщ зыбжанэ: «Право на поединок. Роман в документах и рассуждениях», «Лев Толстой и русская история», «Кавказ: земля и кровь. Россия в Кавказской войне», «Кавказская Атлантида», «Дороги, которые мы выбираем, или бег по кругу. От Петра I Романова до Бориса Ельцина», «Пушкин. Бродский. Империя судьбы». Мыбыхэми абы и IэдакъэщIэкI нэгъуэщIхэми блэкIыфынукъым тхылъыр зи щIасэ цIыхур.

## ЩIыналъэм и гупсэ

**Налшык къалэр зыгъэдахэ, ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ жыг хадэм теухуауэ щытхъу тхыгъэ хэIэтыкIахэр щатхыу щытар XX лIэщIыгъуэм и 30 - 80 гъэхэращ. Мы паркыр Урысейм и нэхъ къулей дыдэхэм хабжэу къекIуэкIащ зэгуэрым. КъэкIыгъэхэм фIыуэ хэзыщIыкI Кос Ю. 1951 гъэм итхыгъащ: «Ди щIыналъэм къыщыкI жыг, гъуей лъэпкъ 55-м къищынэмыщIауэ, мы хадэм ущрохьэлIэ Америкэ Ищхъэрэм къикIа жыг лъэпкъ 25-рэ, Европэ Курытымрэ Ипщэмрэ щыщ жыг лъэпкъ 17, Японием, Китайм, Кореем къраха жыг лIэужьыгъуэ 15, Азие Курытымрэ Азие ЦIыкIумрэ щыкI жыг лIэужьыгъуэ 17. Языныкъуэхэр щIыпIэ куэдым къыщыкIыркъым.**

КъБР-м и Парламентым и депутат, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий щыхьэт тохъуэ абы: «ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм щокI, псалъэм папщIэ, жыгейр, магнолиер, гингко, тхушэ, нэгъуэщIхэри. Абы и закъуэкъым, мыбдеж ущрохьэлIэ хуиту мэзхэм къыщымыкIыж, кIуэдыжыгъуэ ихуауэ жыхуаIэ къуацэ лIэужьыгъуэ 28-м. Дызытепсэлъыхь къэкIыгъэхэмрэ жыгхэмрэ Долинск екIуу щызэрахьэ, абыхэм кIэлъоплъ жыггъэкI гумызагъэхэр».

ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм жыг лIэужьыгъуи 156 - 160-рэ итщ щыжаIэкIэ, ар фIэщщIыгъуейщ. 1979 гъэм Къущхьэ А., Ругузов И. сымэ къыдагъэкIащ «Налшык паркым и жыгхэмрэ гъуейхэмрэ» тхылъыр. Абы зэритымкIэ, Налшык паркым жыг лIэужьыгъуэ 69-рэ ущрохьэлIэ. Иужьрей илъэсхэм ХьэтIохъущокъуэм и хадэм жыг мини 8 щыхасащ. Ауэ абы къикIыркъым лIэужьыгъуэхэм я бжыгъэм хэхъуауэ. КъищынэмыщIауэ, апхуэдиз жыгым и нэхъыбапIэр хэкIакъым, я процент 80-р хэгъухьыжащ, зыри кIэлъымыплъурэ. 115-нэ шуудзэм я фэеплъ лъэс лъагъуэм щыхаса жыг цIыкIухэр къэтхьынщ абы и щапхъэу.

Паркым ис къуалэбзухэм ятеухуауэ... 1960 гъэхэм къуалэбзу лIэужьыгъуи 159-рэ диIащ, иджыпсту абыхэм я бжыгъэр 49-м нэс къехащ.

НэхъапэIуэкIэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ущрихьэлIэрт жыглыц лIэужьыгъуэ 97-м. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ абыхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэщ, IэпэкIэ къыпхуэбжынущ уеблэмэ. Iэгъэбэгу лIэужьыгъуэ 89-рэ итщ паркым. Абыхэм я проценти 10-р гъуэтыгъуейхэм ящыщщ. Зэранышхуэ зыпылъ Iэгъэбэгухэри мыбы щымащIэкъым. Зи бжыгъэр ямыщIэр жыг хадэм къыщыкI удз гъэгъахэрщ. Ауэ, хуэгъэфэщауэ жыпIэмэ, лIэужьыгъуи 100 - 200-м ныззэрохьэс.

ЦIыхум аллергие шынагъуэ къезыту къалъытэ къэкIыгъэ лIэужьыгъуи 102-м и зэхуэдитIыр ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм итщ. Хьэсэней къыщыщIэдзауэ Налшык псыхъуэм и кIыхьагъкIэ уащыхуозэ абыхэм. КуэдыIуэ къызэрыгъэхъуа, зэранышхуэ зыпылъ къуацэ-чыцэ, гъуей, удз лIэужьыгъуэхэр зэхэкIащ, цIыхуIэ зэралъэмыIэсыр наIуэу. ГъэщIэгъуэнракъэ, къалэ администрацэм абы гу лъитэххэркъым, хэкIыпIэ гуэри къилъыхъуэну яужь иткъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэкIыгъэ, жыг зэмылIэужьыгъуэ куэд икIуэдыкIыжащ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм. Кхъужьей хадэ, Кизиловкэ жыхуэтIэ щIыпIэхэм а фIэщыгъэцIэхэр щIратар а жыг лIэужьыгъуэхэр куэду щыкIыу арати, иджыпсту щыбгъуэтыжынукъым ахэри. Апхуэдэу, хадэм итыжкъым зэрыджэмрэ мэз жызумымрэ.

1970 гъэхэм паркыр «я унэт» кхъуэ пIащэхэм, мэз бжэнхэм, бажэхэм, тхьэкIумэкIыхьхэм, къилъатэрт шылэджжэдхэмрэ мэзджэдхэмрэ. Иджыпсту абыхэм уащрихьэлIэнукъым, я лъыхъуакIуэ уежьэми.

1971 гъэм комиссэ къызэрагъэпэщауэ щытащ, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм щыкI псейхэмрэ уэздыгъейхэмрэ зэрыгъужыр къызэтрагъэувыIэн папщIэ ялэжьыпхъэр яубзыхуну. Абы кърагъэблэгъат Ленинградрэ Москварэ я щIэныгъэлIхэри. Къэхутэныгъэ ирагъэкIуэкIахэм къагъэлъэгъуауэ щытащ къедбжэкIа жыг лIэужьыгъуэхэр вирусымрэ инфекцэмрэ зэщIищтауэ. ИужьыIуэкIэ, 1973 гъэм, ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуар нэгъуэщIщ... КъызэрыщIэкIымкIэ, уэздыгъеймрэ псеймрэ зыгъэгъур загъэпсэхуну, ефэну-ешхэну паркым щызэхэтIысхьэ гупхэм абы щIащIыхь мафIэмрэ, къыпиху Iугъуэмрэт.

«КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ комиссэ къызэрагъэпэщри, 2007 - 2008 гъэхэм апхуэдэ къэхутэныгъэ зыбжанэ едгъэкIуэкIащ. ИкIи къэтхутащ ХьэтIохъущокъуэм и хадэм ит жыгхэм я нэхъыбэр жьы зэрыхъуам, зыри зэракIэлъымыплъым я зэранкIэ уз зэмылIэужьыгъуэхэр къефыкIыурэ махэ хъуауэ, дыгъэ жьэражьэм, уаем зэрыпэщIэмытыжыфыр. Паркым итщ 1847 - 1850, 1922 - 1923 гъэхэм хаса жыг куэд. Апхуэдэхэр езыр-езыру къарууншэ мэхъу икIи абы цIыхум и зэраныр хыхьэжмэ, кIуэдыжыпэнущ. Псалъэм папщIэ, жыг куэдым джыдэкIэ дыркъуэшхуэхэр тралъхьащ, памыупщIын хуей къудамэ узыншэ куэд пахыурэ, абыкIэ инфекцэр жыгым пкърыхьащ. КъищынэмыщIауэ, автомашинэ дыхьэпIэ щащIкIэ, жыгхэр ираупщIыкI. Абы и закъуэкъым: жыгыщIэ щыхасэкIэ, абы зэрелэжь мардэхэр щыIэщи, а хабзэхэм зыри теткъым, армыхъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр дызэрыпагэу щыта хадэр кIуэдыжыпIэ иувэнтэкъым. Псалъэм папщIэ, нэхур фIыуэ зылъагъу жыг лIэужьыгъуэ щыIэщ. Апхуэдэ дыдэу, жьауэм нэхъ зыщызыужьи яхэтщ. Мис абыхэм я хэсэкIэр пщIэн хуейщ», - жеIэ Щхьэгъэпсом.

Уи гум къемыуэу къанэркъым нобэрей щIэныгъэмрэ технологиемрэ къагъэсэбэпу жыг хадэм и теплъэр ирагъэфIэкIуэн дэнэ къэна, и узыншагъэр зэтраIыгъэну зыри яужь зэримытыр. Дауи, абы и зэранкIэ, паркыр къуий хъуащ: гъуей щыплъагъужыххэркъым, удз тэмэму къыщыкIыркъым, псэущхьэ щIэсыжыркъым, къуалэбзур къекIуалIэркъым.

Жыг хадэм блож Налшыкыпсыр. Ари щыщщ дызытепсэлъыхь нэгузыужьыпIэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псыми леишхуэ къытехьащ: и Iуфэхэм екIуэкIыу шхапIэхэр къыщызэIуахащи, абы и зэранкIэ псым и жапIэм зихъуэжащ, кIэрыхубжьэрыхухэр псыхъуэм къыданэ, теплъаджэ ящIу.

ИщхьэIуэкIэ зи гугъу тщIа комиссэм къыхилъхьат, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр кIуэдыжыпIэ зэрихуам къыхэкIыу, хъумэн хуей щIыпIэу къалъытэу, гулъытэ щхьэхуэ хуэщIыпхъэу. Абы папщIэ егъэкIуэкIын хуей лэжьыгъэр зэхэгъэщхьэхукIауэ КъБР-м и гъэзэщIакIуэ IуэхущIапIэхэмрэ къалэ администрацэмрэ я пащхьэ итлъхьащ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и лэжьакIуэхэм, «ЩхъуантIэхэр» щIыналъэ политикэ-щIыуэпс партымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ 21-мрэ я къару зэхалъхьэри, Налшык къалэ администрацэмрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ зыхуагъэзащ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа тхыгъэкIэ.

Шэч хэлъкъым цIыху мин бжыгъэхэм а Iуэхур ди щIэныгъэлIхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ зэрыдаIыгъынур, хадэм и сэфэт хъуар куэдым ягу къызэреуэр къэплъытэмэ.

● Узыншагъэ

## Фо фиIэмэ...

**Фор шхыныгъуэ хьэлэмэтщ, хущхъуэ папщIэуи къагъэсэбэп. Ар лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщедз икIи зыхуэдэнур куэдкIэ елъытащ бжьэм IэфIыр къызыпих къэкIыгъэм. Удз гъэгъахэм бжьэхэм къыпахар цIыхум и IэпкълъэпкЪ псом сэбэп хуохъу: лъыр ирегъэфIакIуэ, къару къыхелъхьэ, гукъыдэж кърет.**

ТIАТIИЙР (прополисыр) бжьэм ящI. АбыкIэ бжьэхэм матэм иIэ жьыдэхупIэхэр ягъэбыдэ, я тIысыпIэхэр къращIыкI, я «бийхэр» бжьэ матэм дэмыхьэн щхьэкIэ ихьэпIэхэр нэхъ зэв ирыращI. ТIатIийр щIэупщIэшхуэ зиIэ хущхъуэщ. Ар микроб зэмылIэужьыгъуэхэм лъэщу япэщIэтщ, езы бжьэхэми уз къаймыуэлIэнымкIэ сэбэп хъур аращ, уз зэрыцIалэ куэдым полъэщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ тIатIийм уIэгъэхэр, щIыфэ узхэр ирырагъэхъуж, лэрыгъур (мозолыр) ирырагъэкIуэду щытащ. Ар иджырей медицинэми хуабжьу къегъэсэбэп. АбыкIэ жьэн, дзэ, тхьэкIумэ, тэмакъ узхэм, щIыфашхэм ироIэзэ.

Фор куэдрэ щылъщ, апщIондэхукIи нэхъ Iув мэхъу. Ар тыншу пIащIэ пхуэщIыжынущ, зэрылъ хьэкъущыкъур хуабэу градус 60 зыIыгъ псым хэбгъэувэмэ. Ауэ фор бгъэхуэбащэмэ, и фIагъым кIэрохуу. Куэдрэ щыта фор тIуэ зэщхьэщыжэбзыкIынкIэ мэхъу, и лъабжьэр Iуву, и щхьэр пIащIэу. Ар фор зэрымытэмэмым, псы зэрыхэтым и щыхьэтщ. Апхуэдэр зэман кIыхькIэ щыбгъэт хъунукъым.

ПсыIагъэр хуабжьу зыщIешэ фом. Абы къыхэкIыуи ар гъущапIэм щыIыгъын хуейщ. Фор щыфхъумэ щIыпIэм и хуабагъыр градус 11 - 19-м нэсмэ фIэIункIэ хъунущ. Абы къыхэкIкIэ щыхъумэн хуейр градуси 5 - 10 нэхърэ мынэхъ хуабэ гъущапIэщ, жьыр фIыуэ здэкIуэ щIыпIэщ. Апхуэдэу зыщыгъэгъупщэн хуейкъым фом нэгъуэщI ерыскъыхэм я мэр зэрызыщIишэр. Ар къэлъытауэ, абы и гъунэгъуу гъэтIылъын хуейкъым мэ гуащIэ зиIэхэр. Фор щыпхъумэну нэхъыфIыр абджым къыхэщIыкIа хьэкъущыкъущ. Узым къарууншэ ищIам фо ишхмэ, нэхъ псынщIэу къызэфIоувэж. Псом хуэмыдэу ар сэбэпщ шэм хэлъу махуэм грамми 100 - 150-рэ хуэзэу уефэну. Жьэн уз зиIэхэм фор тхъуцIынэм, къазыщэм хэлъу яшхын хуейщ. Фор хущхъуэщ сабийм дежкIи, абы махуэм шей бжэмышхитI хуэдиз хурикъунущ. Зи гур узхэм дежкIи хущхъуэщ ар,ауэ абыхэм ирагъэлей хъунукъым. Сабийхэм фор хьэцыбанэпсым хэлъу ирафмэ, сэбэп къахуэхъунущ.

ЩIыIэ зэуэкIар, пыхусыхум иубыдар фо бжэмышхышхуэ шей е шэ пщтыр стэчаным хэлъу ефэмэ, фIыуэ къегъэпщIантIэри, узыр пкърегъэкI. Жейр зыфIэкIуэдахэми, псы хуабэ стэчаным зы бжэмышх из фо хадзэрэ щыгъуэлъыжкIэ ефэмэ, жейм езэгъынущ.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

● КIэщIу

### ЩIэ къыбгъуращIыхь

**1960 гъэм яухуауэ Зеикъуэ къуажэм сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэу дэт еджапIэм «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ нэгъабэ щрагъэжьа зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр и кIэм нэблэгъащ.**

НОБЭКIЭ, еджапIэжьым унэщIэ къыбгъуращIыхьащ икIи аитIур ущызекIуэ хъууэ зэпащIащ. Лэжьыгъэ къэнэжахэм ящыщу унэжьым и щхьэр иджыпсту зэрахъуэкI, пэшхэр кърашIыкI. IуплъапIэмрэ абы къедза щIыпIэмрэ мыгувэу зыхуей хуагъэзэнущ.

ЕджапIэм сабийуэ 80 щоджэ нобэ. Лэжьыгъэхэр зэрызэфIэкIыу, а бжыгъэм хуэдитIкIэ хагъэхъуэну я мурадщ. Абы къыдэкIуэу, цIыкIухэм уэрэд жыIэнымкIэ, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэнымкIэ, лъэпкъ IэщIагъэхэмкIэ абы щрагъэгъуэт егъэджэныгъэ унэтIыныгъэхэм зрагъэубгъунущ.

### Мывэм и хъыбарыжь

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хьэсэней къуажэм «Мывэм и хъыбарыжь» фIэщыгъэр зэрихьэу жыг хадэ цIыкIу мы гъэм къыщызэIуахынущ. Налшык къалэм къедза щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным ехьэлIауэ щыIэ программэм ипкъ иткIэ ар яухуэнущ, унэтIыныгъэ куэдым хуэгъэпсауэ щытынущ икIи метр зэбгъузэнатIэу 3000 ирагъэубыдынущ.**

АРХИТЕКТУРЭ теплъэ дахэ зиIэну жыг хадэ цIыкIур щаухуэкIэ мывэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпынущ. Езы щIыпIэм хэтынущ сабийхэм я джэгупIэхэр, спорт утыкухэр, хъыринэхэр, къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ я зыгъэпсэхупIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Къызэрыхах зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкIыу лэжьыгъэр пщэрылъ зыхуащIынур наIуэ къызэрыхъуу пэхуэщIэм иужь ихьэнущ.

### Иджырей мардэм хуэкIуэу

**«ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къулькъужын Ищхъэрэм иджырей амбулаторэ щаухуэнущ.**

ИДЖЫПСТУ лажьэ сымаджэщыр 1936 гъэм яухуащ икIи медицинэмкIэ иджыпсту щыIэ мардэм къитIасэркъым.

Къуажэдэс мини 3,5-м папщIэ амбулаторэщIэр къуажэкум деж щаухуэнущ, жьым къыбгъурыту икIи метр зэбгъузэнатIэу 350-рэ ирагъэубыдынущ. Ар иджырей медицинэ обрудованэхэмрэ Iэмэпсымэхэмкiэ, нэгъуэщI зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ зэпэщу щытынущ.

Лэжьыгъэхэр мыгувэу ирагъэжьэнущ.

### ПэхуэщIэхэм я фIыгъэкIэ

**«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Къалэдэсхэм я тыншыпIэр къызэгъэпэщын» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Прохладнэ щIыналъэм и Янтарнэ, Прогресс къуажэхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящIащ илъэс блэкIам.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIа щIыпIэхэр псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 800-м ноблагъэ. Абыхэм щаухуащ сабий джэгупIэхэр, спорт утыкухэр, лъэс лъагъуэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр. Апхуэдэуи, иджырей уздыгъэхэр щыпадзащ, тетIысхьэпIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэмрэ щагъэуващ.

Прохладнэ щIыналъэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ я тыншыпIэр къызэрагъэпэщу апхуэдэ лэжьыгъэхэр етIанэгъэ щрагъэкIуэкIынущ Къэрэгъэш, Прималкинскэ къуажэхэм.

**НАУРЫЗ Мысост.**

## «СызэхэщIыкI, къысхуэгъэгъу»

**Европей къэралыгъуэхэм урысей газыр зэщIащахуэ. ЩIышылэ мазэм и закъуэ къриубыдэу, абыхэм яIэрыхьащ газ кубометр меларди 2,3-м нэс! КъищынэмыщIауэ, «Балканский поток»-мкIэ газ кубометр мелуан 56-рэ икIащ, ар ику ит лэжьэкIэм нэхърэ процент 25-кIэ нэхъыбэщ. Зи Iэр джатэ Iэпщэм телъу къытпэщыт къэралыгъуэхэр къэзыгъэлъэIуар зэи хуэмыдэжу ета щIыIэрщ. Я гугъат ахэр зэи Урысейм къыхуэмеижыну!**

УРЫСЕЙМРЭ Европэмрэ зэщыIея нэужь, Iуэхуу зэдащIэм пачри, я щIыб къытхуагъэзат Еврaзием и къухьэпIэмкIэ щыIэ щIыналъэхэм. Уеблэмэ апхуэдизу зыхуэныкъуэ урысей газми ебэкъуат ахэр, США-м кърашынум щыгугъри. Ауэ иужьрейми и щIымахуэр уае дыдэ щыхъум, «апхуэдэ Iэщ ятыркъым» жыхуиIэу, зыщIиупщIэжащ. Утыку къина, сабий къииным хуэдэу зызыгъэгуса Европэр щIыIэм щIисым къэлъэIуащ.

Газ уасэр Европэм щехуэхами (кубометр миным доллар 500 и уасэу щытати, 418-м къехащ), къэпщытакIуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, урысей газым и уасэр 2026 гъэм мы бжыгъэхэм нэхърэ фIыуэ нэхъ лъапIэу щытынущ.

УФ-м и Правительствэм деж щыIэ ФинансхэмкIэ университетым и доцент Андрианов Валерий зэрыжиIэмкIэ, урысей газыр Европэм езышалIэ «Балканский поток» бжьамийм щIышылэ мазэм и закъуэ кубометр мелуан 56-рэ ирикIуакIэщ, газ къузауэ тонн мелуан 1,7-рэ иращащ. Ар къэплъытэмэ, Европэм гъэсыныпхъэу зэщIищахуэм и процент 19-р Урысей Федерацэм къыщищэхуауэ жыпIэ хъунущ. Европэм сэбэп дызэрыхуэхъуну нэгъуэщI зы Iэмали щыIэкъым, сыту жыпIэмэ, адрей бжьамийхэр къагъэуащ, е ябыдащ. «Щхьэ дадэIэпыкъухха?!» жытIэнуми дыхуитщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Европэм тхьэ щиIуэжатэкъэ 2027 гъэ пщIондэ урысей газым хуэмыныкъуэну.

Сыт-тIэ европейхэр я псалъэм езыгъэпцIыжар?

Лъэпкъ энергетикэмкIэ институтым и унафэщIым и къуэдзэ Фролов Александр зэрыжиIэмкIэ, Европэм и газ гъэтIылъыгъэхэр къыIэщIэухэри, къигъэдзыхауэ аращ. ЗэгурыIуэныгъэ зрищIылIа США-м езым и Iуэхур щIагъуэкъыми, къыдэIэпыкъужыфыркъым. Ауэрэ щIыIэм зебгъэсын?!

Европэм унэхэр гъэплъын щыщIадзар 2025 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и 13-рщ. Абы ирихьэлIэу и газ гъэтIылъыгъэхэр кубометр мелард 51-м щIигъурт. 2026 гъэр къыщихьам абы иIэжт гъэсыныпхъэу кубометр мелард 45,5-рэ. ЩIышылэ мазэм къриубыдэу Европэм и газ хъумапIэхэм къыдришеящ кубометр мелард 23,9-рэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къэнам ирикъунукъым. Аращ къэзыгъэубзар.

- Европэм и газ гъэтIылъыгъэхэм ящыщу процент 20 къыхуэнэжами аращ. Ар мы гъэ щIымахуэр уаеу зэрыщытарщ къызыхэкIар. КъищынэмыщIауэ, Мексикэ псы дэлъэдапIэм деж лэжьыгъэхэр къызэрыщызэтеувыIами къигъэдзыхащ Европэр. ДыгъэкIэ, жьыкIэ лажьэ Iэмэпсымэхэм щыгугъащ ахэр, электрокъару яIэмэ, захуэгъэхуэбэн я гугъэу. Ахэр иджыпсту уэс Iувым щIихъумащи, зыри я мыхьэнэкъым. Арктикэм къикIри, щыIэ уаер США-м щхьэщыхьащи, газкIэ къигъэгугъа къэралыгъуэхэм ари къадэIэпыкъужыфыркъым. А псом къыхэкIыу Европэм газ уасэр щыхэхъуащ. Иджыпсту газ кубометрым доллар 525 - 527-рэ и уасэщ, - къыхигъэщащ Андриановым.

Дауэ жиIэрэт псалъэжьым... «Узэфэну псым ухэмыубжьытхэ».

## Хуиту сывгъэжей

**Зигъэпсэхуну щыхуит пIалъэр къэсамэ, цIыхур япэ дыдэу зэгупсысыр сыт? «Мис иджы IэфIу сыжеинщ!». ЦIыхухэм апхуэдизкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIах акъыл защIэкIи, я щхьэкуцIым тэмэму зыщигъэпсэхунур къахуэмыгъэсу, жейкIэ загъэнщIыжыным щIэхъуэпсу къыщынэ щыIэщ. Урысейм и туроператорхэм зэрыжаIэмкIи, «жей туризм» зыфIаща зэгъэпсэхукIэм дуней псом щIэупщIэшхуэ щиIащ 2025 гъэм.**

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ зэрыжаIэмкIэ, Урысейр къапщтэмэ, лэжьапIэ Iутхэм я процент 40-р жейкIэ ирикъуркъым. УзыхэукIауэ, уи IэпкълъэпкЪыр зэщIэнауэ, зумыгъэпсэхуауэ нэху укъекIмэ, лэжьыгъэм гукъыдэж хуиIэнукъым.

Ар къагъэсэбэпу хьэрычэт зыщIахэр мащIэкъым, къызэрыщIэкIымкIэ. «Ужеину ухуеймэ, ди деж къакIуэ», - жаIэу, удэзыхьэх рекламэхэр къызэрагъэпэщ, хьэщIэщхэр зэпоуэ, IэмалыщIэхэр къагупсыс.

- Апхуэдэ зыгъэпсэхукIэм жэщи 2 - 5 я кIыхьагъщ, туроператорхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ. Зи гугъу тщIы хьэщIэщхэм я бжыгъэр къэпхутэну гугъущ, мы Iуэхур зэрыщIэщыгъуэм, я Iэмалхэмрэ лэжьэкIэмрэ зэрызэмыщхьым къыхэкIыу. Ауэ жеинымрэ зыри зэран къыпхуэмыхъуу зыгъэпсэхунымрэ тещIыхьа хьэщIэщ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэщ Урысейм и щIыналъэ зыбжанэм. ЩIэупщIэ нэхъ зиIэхэри щIыуэпс дахэ, хьэуа къабзэ, щхъуантIагъэр куэду здэщыIэ щIыпIэхэрщ. Апхуэдэщ Алтайр, Карелиер, Байкал и Iуфэр, Мурманск областыр. Лъэныкъуэ зрагъэзакъым дызэсауэ, фIыуэ тлъагъу, тцIыху зыгъэпсэхупIэхэми. Псалъэм папщIэ, Кисловодск, ЕсэнтIыгу, Железноводск щыIэ санаторэхэм щIэщыгъуэ гуэрхэр къыхалъхьащ, зэманым зыдагъэкIуу, - жеIэ «Турслёт» IуэхущIапIэм и



унафэщI Журавлёвэ Марие.

Абы дызэрыщигъэгъуазэмкIэ, къалэ пхыдзахэм дэт хьэщIэщхэми щыбгъуэтынкIэ хъунущ зи гугъу тщIы зыгъэпсэхукIэм хуэщIа пэшхэм хуэдэ, ущIэупщIэн хуейуэ аращ. ЦIыхур зыщIэупщIэращ туризмыр зыхуэлажьэри, къежьэм зыкъыкIэрызыгъэхум куэд фIокIуэд.

Хэт-тIэ, «жей туризмым» нэхъыбэу щIэупщIэр? Ахэр, зэрыхабзэщи, лэжьыгъэ IуэхукIэ къэрал, къалэ зэхуэмыдэхэр кIэщIкIэщIурэ зэблэзыхъу, зи зэман кIуэкIэр зытемыхуэ къэралыгъуэхэм я зэхуаку дэтурэ зи жей зэблэуахэрщ. Псалъэм папщIэ, Москва икIыу, Владивосток е Хабаровск лъэтахэм ящIэ Iэпкълъэпкъым ар къызэрытехьэлъэр, куэдрэ зэрызэтемыувэжыфыр. КъищынэмыщIауэ, лей къатохьэ медицинэм и лэжьакIуэхэм, риэлторхэм, цIыхухэр лэжьапIэ къыщащтэкIэ ахэр къэзыпщытэхэр.

Жей зимыIэжхэм еIэзэ дохутырхэм (сомнологхэм) зэрыжаIэмкIэ, дунейм, экономикэм, цIыхухэм я зэхэтыкIэм зихъуэжащ, абы, пэж дыдэу, жейкIэ иримыкъу куэд къыдэунэхуащ. Абы хэкIыпIэу иIэр зы закъуэщ - IэпкълъэпкЪым, щхьэм, псэм зыщигъэпсэхун, цIыхухэр жейкIэ щрикъун хьэщIэщхэр, зыгъэпсэхупIэхэр куэду ухуэнырщ. ЩIэныгъэлIхэм зэрагугъам нэхърэ нэхъ псынщIэу мэкIуатэ Iуэхур, «жей туризм» хуэныкъуэхэм я бжыгъэр хэхъуэ зэпытщ.

ЩIэныгъэкIи, зыужьыныгъэкIи, экономикэкIи япэ кIуэта Япониер арауэ жаIэ «жей туризмыр» къыщежьар. Европэри Iуэхум хуэкIуащ 2020 гъэм. Иджы ди дежи къэсащ, ди гуапэ зэрыхъунщи.

*«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● Пшыхьхэр

# ЦIыхубэм ягу илъщ

**Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щlышылэм и 30-м фэеплъ пшыхь щекlуэкlащ. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м и цlыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, адыгэ макъамэ гъуазджэм и лъабжьэр зыгъэтlылъахэм ящыщ, этномузыковед телъыджэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Бэрэгъун Владимир къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу.**

ТЕАТРЫМ и щIыхьэпIэм щагъэуват артистым и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа гъэлъэгъуэныгъэ. Абы хагъэхьащ Бэрэгъуным и унагъуэм, ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ я гъусэу трахауэ щыта сурэтхэр, и лэжьыгъэхэм ятеухуа эскизхэр.

Пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Тхьэщыгъуей Жаннэрэ Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ, актёр Теунэ Джэмалрэ. Зэхыхьэр щыщIидзэм экранымкIэ къагъэлъэгъуащ Бэрэгъун Владимир игъэзащIэу щыта уэрэдхэм ящыщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ макъамэ щэнхабзэм, IуэрыIуатэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм, а унэтIыныгъэхэм лъэужьыфI къыщызыгъэнахэм ящыщ зыщ Бэрэгъун Владимир. ЩIэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIыми, адыгэ IуэрыIуатэр зи лъабжьэ пасэрей уэрэдыжьхэр игъэзащIэми, КъБР-м и Къэрал филармонием илъэс куэдкIэ и унафэщI къулыкъум щыпэрытами, адыгэ макъамэ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ хуэлэжьащ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Кэнжэ къуажэм къыдэкIа щIалэр пасэу уэрэд жыIэным дихьэхат. Саратов къалэм Собинов Леонид и цIэр зезыхьэ и консерваторэр 1969 гъэм къиуха нэужь, ар КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ хъуащ. Оперэ партие нэхъ гугъухэм

ящыщу 19 игъэзэщIащ, классикэ, иджырей лэжьыгъэхэр къызэщIиубыдэу. Апхуэдэу щIыналъэм и оперэ гъуазджэми хэлъхьэныгъэ хуищIащ. Абы къыдэкIуэу, Бэрэгъуным уэрэд, балладэ, романс щэ бжыгъэхэр итхащ. Ахэр радиомрэ телевиденэмкIэ къатырт, пластинкэхэм тету къыдэкIырт. Нэхъыжьхэм ящIэж республикэ радиомкIэ къату щыта и уэрэдхэм яIа щIэупщIэр. Ар цIыху гу къабзэу, артист щэджащэу, щапхъэу щытащ. ЦIыхубэ артистым и фэеплъым вгъэпэжу фыкъызэрыкIуам папщIэ фIыщIэ фхузощI.

Бэрэгъун Владимир яхэтащ дуней псом щагъэлъапIэ еджагъэшхуэ Гиппиус Евгений, КъардэнгъущI Зырамыку, нэгъуэщIхэми зэдатха «Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов» («Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ») томищ хъу тхылъыр зыгъэхьэзырахэм. «Музыкальный фольклор черкесов (адыгов)» тхылъыр, нотэ транскрипцэр щIыгъужу Владимир игъэхьэзырауэ щытар, езыр дунейм ехыжа нэужь къыдагъэкIащ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ къэрал институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Гъут Iэдэм жиIащ Бэрэгъуным лъэпкъ макъамэ щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэр, цIыхубэ уэрэдхэм хуиIа бгъэдыхьэкIэр, къапщтэмэ, цIыхубэ, профессиональнэ гъэзэщIэкIэхэр зэхиухуэнэфу зэрыщытар, и лъэпкъ лъагъуныгъэр къызэрылъытэгъуейр, абыхэмкIэ Владимир хуэбгъадэ хъун зэрыщымыIэр.

УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, усакIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил тепсэлъыхьащ пщIэшхуэ я зэхуаку дэлъу, зэныбжьэгъу пэжу Владимиррэ абырэ илъэс куэдкIэ зэрызэдэлэжьам, ноби зэрыщымыгъупщэм, Бэрэгъуным лъэпкъым хуищIар къалъытэу, и фэеплъ хуагъэуваүэ илъагъуну зэрыщIэхъуэпсыр.

УФ-м и цIыхубэ артисткэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и кафедрэм и унафэщI, профессор Гъэсашэ Наталье тепсэлъыхьащ Бэрэгъун Владимир цIыху гуапэу ягу къызэринам, утыку щиткIи концерт ятыну гастроль щыкIуэкIи дэлъху пэлъытэу къызэрыхущытам, куэдрэ зэрызэдэлэжьам.

Наталье и гукъэкIыжхэм къыпищащ Владимир и лэжьэгъуу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъШР-м и цIыхубэ артисткэ, Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым щезыгъаджэ Таукеновэ Галинэ. Абыи жиIащ Бэрэгъуныр цIыхуфIу, артист Iэзэу зэрыщытар, нэжэгужэу утыку зэритар, макъамэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, и макъ дахэр ягу къызэринар.

Кэнжэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Степан Эдуард и псалъэм къыхигъэщащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я зыужьыныгъэр зыгъэбея, цIыхубэм фIыкIэ ягу къина Бэрэгъун Владимир и гъащIэмрэ гуащIэмрэ зэрыригушхуэр.

Бэрэгъун Владимир и шыпхъу нэхъыжьым ипхъу Махуэ Равидэ и гугъу ищIащ и анэмрэ абырэ яку дэлъа зэхущытыкIэ дахэм икIи фIыщIэ яхуищIащ пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ ар къызэзыгъэпэщахэмрэ.

Пшыхьым щагъэлъэгъуащ Вэрокъуэ Владимир 1985 гъэм триха, Бэрэгъун Владимир ХьэтиякIуэм и ролыр щигъэзэщIа «Свадьба на Тереке» фильмым щыщ пычыгъуэ. Зэхыхьэр ягъэдэхащ Музыкэ театрым и хорым и уэрэджыIакIуэхэм, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым и уэрэджыIакIуэхэм (художественнэ унафэщIыр КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Къашыргъэ Мадинэщ), «Терчанка», «Нартхасэ», «Нал цIыкIу» цIыхубэ къэфакIуэ ансамблхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щэнхабзэ

# Анэдэлъхубзэм пищIын щыIэкъым

*УэрэджыIакIуэ, зи макъ дахэмкIэ куэдым къацIыху, Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуа, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и солисткэ Тхьэзэплъ Залинэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр къиухащ. Мы зэманым абы и щIэныгъэм щыпещэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмкIэ и къудамэм.*

*УпщIэ зыбжанэкIэ зызыхуэзгъэза Залинэ къызжиIам си гуапэу фыщызогъэгъуазэ.*

**- Залинэ, щэнхабзэм и лъагъуэм дауэ утехьа хъуат?**

- Ебланэ классым сызэрыщIэс лъандэрэ уэрэд жыIэным сыдихьэхырт. Ипэхэм си анэм ифIэфIыщэтэкъым, «ар хъыджэбзым дежкIэ IэщIагъэкъым», жиIэрти. Ауэ, си адэр, макъ сиIэу къыщищIам, гуфIат.

Ди къуажэм щыщ Дзыгъуанэ ФатIимэ а зэманым уей-уей жезыгъэIэу къекIуэкIа «Дахэнагъуэ» ансамблым илъэситI-щы хъуауэ хэтти, абы селъэIуащ, «макъ сиIэу къысщохъури, кхъыIэ, уи гъэсакIуэм схужеIэ, абы и деж зезгъэшэнт», - жысIэри. «Си гъэсакIуэр хущIэмыхьэ цIыхущ, Залинэ, сэ сыщыкIуэ зы махуэ уздэсшэнщ», - жиIэри, сыкъигъэгугъащ. ИкIи, зэман куэд димыгъэкIыу сишащ Налшык къалэ дэт «Радиом и унэм» щылажьэ композитор Даур Аслъэн деж. Абы, ФатIимэ ипэкIэ жриIауэ, ищIэрт сызэрыздишэнури, къызэдэIуащ, макъ сиIэу къилъытащ икIи къызжиIащ, ФатIимэ и гъусэу тхьэмахуэм щэ сыкъэкIуэфынумэ, къызэрыздэлэжьэнур. ГуфIэгъуэм сызэщIиIэтауэ унэм сыкъэкIуэжащ.

Илъэсищым къриубыдэу куэдым сыхуигъэсат Аслъэн. ФIыщIэшхуэ хузощI зи дунейр зыхъуэжа нэхъыжьыфI къытхэмытыжым. Даур Аслъэн дунейм щехыжам епщIанэ классым сыщIэст.

ЕджапIэ нэужьым ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и къудамэм сыщIэтIысхьащ. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Жанатаев Исмэхьилт си егъэджакIуэу щытари, дэIэпыкъуэгъушхуэ къысхуэхъуащ ар. А институтым сыщIэсу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием лэжьэн щыщIэздзащ. Къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэми сабий цIыкIухэр щызгъасэу щытащ а зэманым. ЛэжьапIитIри зэдэсхьырт, еджапIэри и гъусэу. ЗэманкIэ сыкъимыкIыу тIэкIу къыстехьэлъэ щыхъум, зы лэжьапIэр къэзмыгъанэу хъуакъым. Абы лъандэрэ илъэс тIощI мэхъури, нобэр къыздэсым филармонием сыщолажьэ.

**- Уи закъуэу концерт япэу щыбгъэхьэзырар дапщэщ?**

- 2016 гъэм. Абы щыгъуэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуащ Лосэн Тимур, Лий Аслъэн, ЦокIыл Азэмэт, Уэзрокъуэ Чэрим сымэ. А концертым ирихьэлIэу езгъэтхат уэрэд 16-м нэс. Абыхэм я псалъэхэр ятхат Бейтыгъуэн Iэуес, АфэщIагъуэ Зое, Лий Аслъэн, ХьэIупэ Анзор, Бер Мадинэ, Жабоевэ Заирэ сымэ.

Мы зэманым уэрэд щэщIым щIигъу езгъэтхауэ сиIэщ. Си псэм фIэфIу згъэзащIэхэм ящыщщ уэрэдыжьхэри.

**- Уэрэд жыIэным нэмыщI, иджыри сытым удихьэхрэ?**

- Школым сыщыщIэс зэманым диктор сыхъуну сыхуейуэ, телевизорым сыкъигъэлъагъуэ хуэдэу зыкъыщызгъэхъуурэ, газетым инышхуэу сыкъеджэу щытащ. Си анэдэлъхубзэм пэсщIын зы бзи дунейм теткъым. Сигуми си псэми хэлъщ ди бзэмрэ ди хабзэ дахэмрэ. Сызэрыадыгэр си напщIэм телъу схужыIэнущ, езгъэлейуэ къащремыхъу. Уэрэд адыгэбзэкIи урысыбзэкIи жызоIэ, ауэ си бзэкIэ щыжысIэрщ си гур щыхэхъуапэр. Дауэ ди бзэ дахэм, къулейм уримыпсалъэу зэрыпхуэшэчынур, абы нэмыплъ зэрыхуэпщIынур? Усэ къудейхэм щхьэкIэ зэбгъащIэ хъунт адыгэбзэр. Абыхэм сфIэфI дыдэу сыкъоджэ. Ди бзэмрэ хабзэмрэ фIыуэ зэрыслъагъум къыхэкIыу, нэхъыбэм щыгъуазэ зыхуэсщIмэ нэхъ къэсщтэу, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щыIэ магистратурэм сыщIэтIысхьэжауэ очнэу сыщоджэ. Ди адыгэ тхакIуэхэм я тхылъхэм хуабжьу сыдахьэх.

**- СыткIэ захуэбгъэзэнт ди щIэджыкIакIуэхэм, Залинэ?**

- Лъэпкъым къыддекIуэкI хабзэмрэ бзэмрэ тщIэжу, ди нэхъыжьыфIхэм я пщIэр тIыгъыу, къаплъэр къыдэхъуапсэу, быныфIхэр къытщIэхъуэу, адыгагъэр тщымыгъупщэу куэдрэ Тхьэм дигъэпсэу!

*Епсэлъар*
**КЪАНКЪУЛ Раисэщ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Итхъахэм къаIуатэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрыхъум и цIэр зезыхьэ паркым ит галереем мы махуэхэм щагъэлъагъуэ Уэрэзей Аслъэн и IэдакъэщIэкIхэр. КъызэрыгуэкI фIэщыгъэм - «Итхъахэр» («Линии») - щIигъэува лэжьыгъэхэр ауи къызэрыгуэкIкъым, ухэзыгъаплъэщ, узыгъэгупсысэщ. Плъагъумрэ нэкъыфIэщIымрэ къагъэуш гурыщIэр зэпащIэ итхъахэм, теплъэ зэмылIэужьыгъуэ зиIэ лэжьыгъэхэм, скульптурэхэм...**

ЦIЫХУМ и гуащIэмрэ и гъащIэмрэ къэзызыгъэлъагъуэ гуэрщ Аслъэн и итхъахэр. Ар къыщыщIидзэмрэ щиухымрэщ мыхьэнэ зиIэр, жыпIэнурамэ гум и щытыкIэр кърахутэу трах кардиограммэм и фэгъущ, ар каллиграфие жыпхъэм хуэгъэкIуауэ хубогъэфащэ. Абы и зыхъуэжыкIэр уи нэгу къыщIигъэхьэу итхъахэр зэмылIэужьыгъуэщ: псэр дэхуабзу щхъуэкIэплъыкIэщ, укъигъэуIэбжьрэ уигъэгупсысэу хужь-фIыцIафэщ. Языныкъуэхэм и деж сурэтхэр IупщIщ, адрейхэм уи акъылым къигъэщI-къигупсысыр дэщIыгъупхъэщ.

СурэтыщIым и лэжьыгъэхэм къахэщ итхъахэр точкэм щегъэжьауэ гъадэщIыдэм хыхьэж гуэрщ, гум щыщIэмрэ дунеймрэ, псэм зыхищIэмрэ абы икIэм-икIэжым игъэнэхъапэмрэ, къыфIэщIымрэ зыхуэпабгъэмрэ зэпищIэу.

Уэрэзейм и IэдакъэщIэкIхэм итхъар нэгъуэщI хуэмыныкъуэ, зи бзэ зиIэж Iэмэпсымэщ. ЗэщIэжьыуэмрэ абыхэм я къызэтеувыIэмрэ «игъэджэгуурэ» сурэтыщI гъуазджэм и нэхъ къызэрыгуэкI дыдэу къыпщыхьуну Iэмалым (итхъам) щIэлъ гупсысэр къетIэщI IэщIагъэлIым.

Хужьрэ фIыцIэу щIа сурэтхэм уеплъурэ уздрикIуэм, абыхэм къапоувэ нэгъуэщI плъыфэхэр къызыщIэувэ IэдакъэщIэкIхэр. Итхъам дыщIагъу къудейкъым плъыфэхэр, атIэ хужьымрэ фIыцIэмрэ хуэдэу щхьэхуэу, абы щыгъуэми абыхэм ягуэту гупсысэ къаIуатэ. Гукъыдэжыр къриIэтын, и псэ щытыкIэр абы еплъхэм я деж нихьэсын папщIэ къигъэсэбэп Iэмалхэм ящыщ зыщ ари.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iыхьэщ Аслъэн и скульптурэ лэжьыгъэхэр. ЦIыху теплъэ зиIэхэмкIэ и Iэзагъэр къигъэлъагъуэмэ, гъуаплъэ, жэз, нэгъуэщI гъущхэкIхэмрэ алэрыбгъумрэ зэрызригъэкIумкIэ тегушхуэныгъэри абы щIегъуж. СурэтыщIым къехутэф зэрылажьэ Iэмалхэм я зэфIэкI щэхухэр, аращ ахэр щIэщыгъуэ зыщIыр.

Уэрэзей Аслъэн и гъэлъэгъуэныгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу къыхэсхар езым еиж, зыми емыщхь дуней зэриIэрщ, ар нэгъэсауэ, IупщIу и гъуазджэ IэрыкIхэр зылъагъухэм я деж зэрынихьэсыфырщ. КъызэрысщыхъумкIэ, абы и дунейр махуэ къэс дызыхэпсэукIым къыщхьэщокI, нэгъуэщI щIыпIэкIэ къызэрыщеплъыр хьэкъ пщищIу.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ЩIэблэм я шынагъуэншагъэр

**«Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» зыфIаща акцэм, наркотикым пэщIэт, къытщIэхъуэ щIэблэр хъумэным хуэщIам, къриубыдэу Шэджэм районым и полицэм и лэжьакIуэхэр къалэм и школхэм щеджэхэм яIущIащ.**

ПРОФИЛАКТИКЭ лэжьыгъэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ инспекторхэм ямызакъуэу, къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Джэрыджэ Борис, дохутыр-нарколог ПащIэ Артур, балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ комиссэм и унафэщI Балъкъэр Мадинэ сыми къахыхьащ.

IэщIагъэлIхэр ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ зэхьэлIэным, ахэр игъэкIыным кърикIуэхэм.

Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащIащ щIэуэ къежьа пкъыгъуэ шынагъуэ зэхэлъхэм, апхуэдэуи щIалэгъуалэм я деж зыщызыубгъу вейпхэмрэ электрон тутынхэмрэ. Экспертхэм къыхагъэщащ апхуэдэхэр мышынагъуэу зэрыжаIэр зэрымыпэжыр, ахэр зэхьэлIэным узыншагъэм зэраныгъэшхуэ иритынкIэ зэрыхъунур.

КъинэмыщIауэ, балигъ мыхъуахэр апхуэдэ хабзэншагъэм хашэным щахъумэу, зэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ наркотикхэр зэбгрегъэхынымрэ зэхьэлIэнымрэ юридическэ и лъэныкъуэкIэ кърикIуэнухэм.

Псалъэмакъым жыджэру хэтащ школакIуэхэр икIи абыхэм я упщIэхэм жэуап зэпкърыхахэр ягъуэтащ, хуит ямыщI пкъыгъуэхэр зэпхьэлIэ зэрымыхъунур гурагъаIуэу.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# Псынэдахэдэсхэр япэ йощыж

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу, епщыкIузанэ, джэгугъуэм иужькIэ бжыпэр щызэдаубыдащ «Родник»-мрэ «Зэрэгъыжымрэ». Абыхэм я зэIущIэ псори къахьащ, езыхэр щызэхуэзам зэрыщызэрытемыгъэкIуам къищынэмыщIа. АрщхьэкIэ псынэдахэдэсхэр зэкIэ япэ ищащ дагъэкIа топхэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытыр нэхъыфIти.**

РЕСПУБЛИКЭМ и нэгъабэрей щIымахуэ чемпионым бэрэжьей кIуам иригъэкIуэкIыжат ягъэIэпхъуауэ щыта зы зэIущIэ. Абы къыщыпэщIэта «Нартан»-м «Родник»-м къыпигъэувыфа щыIэкъым. Псынэдахэдэсхэр бжыгъэшхуэкIэ, 4:1-уэ, текIуащ икIи зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ бжыпэр зыIыгъ «Зэрэгъыжым» лъэщIыхьа къудейкъым, атIэ бжьизкIэ япэ ищащ.

Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта епщыкIузанэ джэгугъуэми пашэхэм зи чэзу текIуэныгъэхэр къыщахьащ. Апхуэдэу «Родник»-м жэуапыншэу топитху худигъэкIащ я гъунэгъу Малкэ къуажэм къикIахэм. «Искра»-м апхуэдиз дыдэрэ и жагъуэ ищIащ Налшык и «ГорИс»-м. Ауэ, хьэлэмэтращи, мы зэIущIэм алътуддэсхэм я гъуэм топ къыдагъэкIащ. Ар джэгугъуэ пщыкIузым щыещанэ къудейуэ аращ. Нэхъапэм къыхудагъэкIа топитIым «Искра»-м очкоитхукIэ хэщIыныгъэ къаритамэ (зэм фIахьащ, адрейм щызэрытегъэкIуакъым), иджы я Iуэхур тэмэму зэфIэкIащ.

«Зэрэгъыжымрэ» «Нартанымрэ» я зэIущIэм тепщэныгъэр щызыIыгъар Шэрэдж районым щыщхэращ. Ахэр 7:0-у зэрытекIуам псори гурыIуэгъуэ къыпщащI.

Мазаем и 8-м «Искра»-мрэ «Зэрэгъыжымрэ» зэдэджэгун хуейщ. Абы къриклуэ бжыгъэм зыкъомкIэ елъытауэ щытынущ чемпионыгъэм ехьэлIа бэнэныгъэр сыт хуэдэнуми. Сыти жыIи къэнэжар джэгугъуиплI къудейщ икIи дэтхэнэ зы очкоми мыхьэнэшхуэ иIэщ, псом хуэмыдэу дыщэ медалхэм ущыщIэбэным и деж.

Турнир таблицэм и кIэух увыпIэм щытхэри ныкъуэкъуэну къыщIэкIынущ. Апхуэдэ гугъэ уегъэщI Ислъэмей и «Сады Баксана» командэм икIэм-икIэжым япэ очкохэр къызэрихьам. Зеикъуэ икIа «Шагъдийм» ар 2:0-у текIуащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжыпэр зэрыщиIыгъщ «Ислъэмейм» и пашэ Мэрем Андемыр. ИкъукIэ гуащIэу «Урыхум» драгъэкIуэкIа зэIущIэм ар зэ къыщыхэжанықIащ икIи мы зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм дигъэкIа топхэм я бжыгъэр 15-м нигъэсащ. Абы къыкIэлъокIуэ «ГорИс»-м щыджэгу Балъкъыз Амуррэ «Родник»-м и щIыхьыр зыхъумэ ХьэтIэ Анзоррэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025-2026 гъэхэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«7 Вершин-Шалушка»** (Щхьэлыкъуэ) - **6:1**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Малка»** (Малкэ) - **5:0**, **«Логоваз»** (Бабугент) - **«Спартак-Налшык»** (Налшык) - **0:1**, **«Мурбек ФШ»** (Налшык) - **«Джэрмэншык»** (Джэрмэншык) - **0:3** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу);* **«ГорИс»** (Налшык) - **«Искра»** (Алътуд) - **1:5**, **«Сады Баксана»** (Ислъэмей) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **2:0**, **«Нартан»** (Нартан) - **«Зэрэгъыж»** (Зэрэгъыж) - **0:7**, **«Урыху» (Урыху)** - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **3:4**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щыIэнущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *мазаем и 7-м* - «Ислъэмей» - «Мурбек», «Малка» - «Псыгуэнсу», «Спартак-Налшык» - «Урыху», «Сады Баксана» - «Джэрмэншык»; *мазаем и 8-м* - «Шагъдий» - «Родник», «Зэрэгъыж» - «Искра», «7 Вершин-Шалушка» - «ГорИс», «Нартан» - «Логоваз» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025 - 2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Родник»** | **11** | **10** | **1** | **0** | **41-6** | **31** |
| **2. «Зэрэгъыж»** | **11** | **10** | **1** | **0** | **35-8** | **31** |
| **3. «Искра»** | **11** | **9** | **1** | **1** | **32-3** | **28** |
| 4. «Спартак-Налшык» | 11 | 9 | 0 | 2 | 33-8 | 27 |
| 5. «Ислъэмей» | 11 | 8 | 0 | 3 | 34-15 | 24 |
| 6. «Урыху» | 11 | 5 | 3 | 3 | 21-14 | 18 |
| 7. «Псыгуэнсу» | 11 | 5 | 2 | 4 | 23-20 | 17 |
| 8. «Мурбек ФШ» | 11 | 5 | 0 | 6 | 23-17 | 15 |
| 9. «ГорИс» | 11 | 4 | 1 | 6 | 21-32 | 13 |
| 10. «Малка» | 11 | 4 | 1 | 6 | 18-30 | 13 |
| 11. «Шагъдий» | 11 | 4 | 0 | 7 | 18-23 | 12 |
| 12. «Логоваз» | 11 | 3 | 2 | 6 | 12-21 | 11 |
| 13. «7 Вершин Шалушка» | 11 | 3 | 0 | 8 | 16-42 | 9 |
| 14. «Нартан» | 11 | 2 | 0 | 9 | 14-42 | 6 |
| **15. «Сады Баксана»** | **11** | **1** | **0** | **10** | **8-35** | **3** |
| **16. «Джэрмэншык»** | **11** | **0** | **0** | **11** | **0-33** | **0** |

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №186
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.).*
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ.
*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.